УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№13 (13875)

2024 гъэ, мазаем (февралым) и 22, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

## Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм

Хъуэхъухэр

**Къэрэшей-Черкесым пщIэ зыхуэтщI и цIыхухэ!**

**Урысейм и зауэлI щIыхьым —**
**Хэкум и хъумакIуэм и МахуэмкIэ дывохъуэхъу!**

Хэкур, жьэгур, унагъуэр хъумэныр – къэралым и цIыху къэс игъэзэщIэн хуейуэ къыхуэув къалэн нэхъыщхьэщ. ЛIыпIэ иувахэм къанэмыщIауэ, лIыжьхэмрэ щIалэщIэхэмрэ, анэхэмрэ шыпхъухэмрэ Iэщэ къащтэн хуей щыхъуа щапхъэ куэд Урысейм и тхыдэм къыщыхощыж... Аращ икIи мазаем (февралым) и 23-р цIыхубэпсо, Урысейм и дэтхэнэ цIыхуми и гум ехуэбылIэ махуэщIу щIыщытыр.

Псом хуэмыдэу дрогушхуэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я лIыгъэм, зауэлI-интернационалистхэм я лIыхъужьыгъэм, терроризмэм пэщIэтынымрэ мамыр гъащIэр зэфIэгъэувэжынымрэ яхьэлIауэ Iуэху зэхуэмыдэхэм гуеигъэ къыщызыгъэлъэгъуа сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ, нобэ СВО-м хахуагъэ къыщызыгъэлъагъуэ ди хэкуэгъухэм. Ди къулыкъущIэхэм Iуэху гуапэр – ди Хэкум и хабзэ щIэинхэр хъумэныр, Урысейм дяпэкIэ иIэну мамыр гъащIэр адэкIи пащэ.

ПщIэ зыхуэтщI хэкум и хъумакIуэхэ! Узыншагъэ быдэрэ гъащIэ кIыхьрэ фиIэну, насыпрэ гуапагъэрэ фыщымыщIэну дывохъуэхъу! Унагъуэм япэжыжьэу нобэ пэжыгъэм щIэбэн ди щIалэхэм узыншэу, ТекIуэныгъэр яIэщIэлъу къагъэзэжыну Тхьэм жиIэ! Ди зауэлIхэм, ди цIыхубэм я къарур ди фIэщ мэхъу. МахуэщIымкIэ!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

**ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!**

Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм и щIыхькIэ гум къыбгъэдэкI псалъэ гуапэхэмкIэ сывохъуэхъу! Ар щIыхьымрэ хахуагъэмрэ, лIыхъужьыгъэмрэ зауэлI пщэрылъхэм хуэпэжынымрэ я махуэщIщ!

Мы махуэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Хэку зауэшхуэм и фронтхэм ТекIуэныгъэм щыщIэбэнахэм, интернациональнэ пщэрылъхэр щызыгъэзэщIахэм, иужьрей илъэсхэм Урысей къэралыгъуэм и зэкъуэтыныгъэмрэ абы и цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ зыхъумахэм, нобэ ди къэралым и хьэлэмэтыр зезыхуэу къулыкъу езыхьэкI ди щIалэхэм.

Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу фэри, фи унагъуэхэми узыншагъэ быдэкIэ, зэIузэпэщыныгъэкIэ, насыпрэ мамыр гъащIэрэкIэ!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,**
**УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым**
**КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенатор**



АСЛЪЭНЫКЪУЭХЭ Арсенрэ Аслъэнрэ

**ЦIыхум хэкупсэ-лъэпкъыпсагъэр, лIыхъужьыгъэр къыхуэушыным куэд хуейкъым, ар унагъуэм лъапIагъэ нэхъыщхьэу щилъкIэ. Аслъэныкъуэхэ Мухьэдинрэ Риммэрэ я щIалиплIыр зыщIапIыкIар апхуэдэ щапхъэмрэ адыгэлIым къыдекIуэкIын хуей гъэсэныгъэ нэсымрэщ.**

## Зы гъуэгуанэр зэдэзыгуэш

Балигъыпlэм иува щlалэхэми ягъэщыпкъащ адэ-анэм къыбгъэдалъхьа гъэсэныгъэмрэ хьэл-щэн екIумрэ. Дэтхэнэми хузэфIэкIащ я лэжьыгъэкIи, я Iуэху еплъыкIэкIи цIыхухэм пщIэ къыхуащIу, я жыIэм лъабжьэ иIэу ягъэпсыну.

Нобэ зи гугъу фхуэтщIынур зэкъуэшхэм я нэхъыжь Аслъэнрэ абы къыкIэлъыкIуэ Арсенрэщ. ЩIалэхэр Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщагъэлъагъуэу щыIэщ. Ахэр ирокIуэ я адэшхуэ Аслъэныкъуэ Сэфэдин Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа хэкупсагъэмрэ лIыхъужьыгъэ гъуэгумрэ. 1941-1945 гъэхэм адэшхуэр зыпэщIэта фэшизмэм и кIэрыхубжьэрыхухэм щIэблэр нобэ пэщIэувэжащ.

Зауэ операцэ хэхар зэрыщIидзэу, япэ дыдэ мобилизацэм хэхуахэм ящыщщ Арсен. И IэнатIэкIэ фронтыр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIу къалъытэри, къулыкъум ираджащ икIи зэуапIэ хьэлъэм и курыкупсэм Iууващ. Ди лъэпкъэгъум и лэжьыгъэкIи, и зауэ къулыкъу пщэрылъхэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэмкIи адэшхуэм и щIэблэу зэрыщытыр игъэщыпкъэжащ. Зауэ губгъуэм абы къыщигъэлъэгъуа гуеигъэмрэ хахуагъэмрэ къыхэкIыу Суворов Александр и медалыр къыхуагъэфэщащ.

Шынэхъыщlэр зауэм щыIутым, Аслъэн Черкесск къалэм дэт, жыкIэфэкIэхэм я Унэм и унафэщIым и къуэдзэу лажьэт. Ауэ, и къуэшыр СВО-м яша нэужь, Аслъэн зы махуи псэхупIэ игъуэтакъым. И нэIэм щIэту къэтэджа и къуэшыр здэщыIэм езыри кIуэн хуейуэ абы къилъытэт. ИкIи, куэд темыкIыу, контрактIэ Аслъэни Украинэм макIуэ.

Ар хуейт и шынэхъыщIэр здэзауэ щIыпIэм ихуэну. АрщхьэкIэ Арсен здэщыIэр нэхъ зэуапIэ хьэлъэхэм дежт, зауэ къулыкъум хуэмыIэкIуэлъакIуэхэр абыкIэ ягъакIуэтэкъым.

> Нэгум къыщIэгъыхьэгъуейщ махуэ къэс зэхуэзэну пабгъэ зэкъуэшхэм я гум щыхъар.

Зэкъуэшхэр зэхуэмызэурэ мазэхэр блэкIащ. Нэгум къыщIэгъыхьэгъуейщ махуэ къэс зэхуэзэну пабгъэ щIалэхэм я гум щыхъар.

Арами, зэкъуэшхэм я гугъапIэр къайхъулIащ. Ахэр зауэм здыIутым я насып къихьри, мызэмытIэу зэхуэзащ, зэрылъэгъуащ, хъыбархэмкIэ зэдэгуэшащ. Псэууэ, узыншэу зэуапIэм ущызэхуэзэныр — сытым еплъыт хъун?!

Украинэ щIыналъэр лIыгъэ щIапIэ зыхуэхъуа дэтхэнэри Тхьэм я унагъуэхэм узыншэу кърихьэж, зэкъуэшхэри Тхьэм зэкIэримыхкIэ!

**ХЬЭТАЙ Мадинэ**

Хэкупсагъэ

## Контракт къулыкъур — щIыхьщ

<u>УФ-м и Президентым и УнафэкIэ, Украинэм ди къэралым зауэ операцэ хэхар зэрыщригъажьэрэ, мащIэкъым ди хэкуэгъуу, лъэпкъэгъуу абы хыхьар. Дэтхэнэми и зэхэщIыкI лъагэм хуэфэщэн лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэ. МащIэкъым контрактIэ къулыкъу щIэнми пэрыувар.</u>

Контракт къулыкъум ехьэлIа щытыкIэхэм, абыхэм щIэуэ халъхьам, Iуэхухэр зэрызэкIэлъыкIуэм дыщагъэгъуазэмэ ди гуапэу захуэдгъэзащ республикэ военкоматым щылажьэ, контракт къулыкъум дэкIынухэр къыхэхынымкIэ пунктым. Ди упщIэхэм жэуап къритащ тест щIынымкIэ офицер, КъЧР-м контракт къулыкъум кIуэнухэм ядэлэжьэнымкIэ пунктым щылажьэ, лейтенант Скоморох Владимир Владимирович.



**— Сыт щыгъуэ лэжьэн щIидза контракт IуэхухэмкIэ пунктым, сыт хуэдэ и къалэнхэр?**

— 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м лэжьыгъэр щIэддзащ. Къэрэшей-Черкесри, гъунэгъу хэгъуэгухэри апхуэдэ пунктхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Абы контрактникхэр къыхэхынри, я Iуэхухэр щхьэхуэу зехуэнри нэхъ тынш ищIащ. Языныкъуэм къащохъу контракт къулыкъум дэкIыну хуей дэтхэнэри дашу. Ар апхуэдэу Iуэху псынщIэ цIыкIукъым. ЛъэIу тхылъыр къыдэзыхьэлIам гъэунэхуныгъэ, щIэплъыкIыныгъэ зэхуэмыдэхэр дыдогъэкIуэкI. Апхуэдэщ медицинэ щIэплъыкIыныгъэр. Абы и лъэныкъуэкIэ пылъхьэ къыхуамыщIамэ, пунктым къегъэзэжри профессиональнопсихологическэ тест дыдогъэкIуэкI. Медицинэ щIэплъыкIыныгъэри нэхъ псынщIагъуэ хъуащ иужьрей зэманым. Жэщ-махуэм къриубыдэу, Унафэм и проектыр догъэхьэзыр. Абы арэзыныгъэ игъуэта нэужь, контракт къулыкъум дэкIым хэгъуэгу ахъшэ къратынымкIэ лъэIу тхылъ етх, псори къыздетхэкIа дэфтэрхэр IэщIыдолъхьэ, имыцIыху псоми щыдогъэгъуазэ. Резерв батальонхэм доунэтIри, абдежхэм щагъэхьэзыр контрактникхэр. Ямыгъэхьэзырауэ, и зэфIэкI, и псэ щытыкIэ ямыгъэунэхуауэ, СВО-м хагъыхьэкъым.

Дзэхэм къабгъэдэкIыу къагъакIуэ разнарядкэхэм тещIыхьауэрэ, контрактникым адэкIэ къулыкъу здищIэнум яунэтI.

**— Контрактникыр гъуэгу техьэным махуэ дапщэкIэ хуагъэхьэзыррэ?**

— Махуищым къриубыдэу хьэзырын хуейщ. Махуитху щетт щыIэщ, и унагъуэ Iуэхухэр зэлъэщIигъыхьэнымкIэ, къыздыIукIыж лэжьапIэм и Iуэхухэр щызэригъэзэхуэнымкIэ щытыкIэ хэха къыщыувкIэ. Псалъэм папщIэ, и нэIэм сымаджэ щIэтмэ, абы и Iуэхухэр тынш зэрыхъунум хуэдэу зэригъэзэхуэн хуейщ.

→ 2

ПсапащIэ

## ЦIыху гумащIэхэр

Сыт и уасэ сурэт щхъуэкIэплъыкIэ иту сабий садым кIуэ цIыкIум сурэт къыпхуригъэхьыну, е ТекIуэныгъэр и Iэрылъхьэу, псэууэ унэм къэкIуэжыну хуэлъаIуэу еджакIуэм, студентым итх письмом. Долъагъу абы и уасэри, апхуэдэ тхыгъэ кIэщI къеджэ сэлэтым и нэпс къызэрыфIыщIэкIри, и лIыгъэм зэрыхэхъуэри, и гукъыдэжым зыкъызэриIэтри.

Дэ щхьэж тхузэфIэкIымкIэ дадэIэпыкъун хуейщ зауэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм щхьэкIэ жэщ-махуэ ямыIэу гузавэ адэ-анэхэмрэ. Апхуэдэ цIыху гумащIэхэм я хъыбар щызэхэпхкIэ, гур хегъахъуэ.

Хэкум и хъумакIуэм и махуэщIым ехъулIэу, Хьэбэз районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм щеджэхэм, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм СВО-м хэтхэм гуманитар дэIэпыкъуныгъэ хуагъэхьэзыращ. Абыхэм къулыкъущIэхэм папщIэ зэхуахьэсащ ерыскъыхэкIхэр, IэфIыгъэкIэхэр, хьэпшып зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу, сэлэтхэм гуапэ ящыхъунущ сабийхэм къабгъэдэкIа тхыгъэ цIыкIухэр. Абыхэм ди сэлэтхэм я гур, я псэр къаIэтынущ, гушхуэныгъэ халъхьэнущ зауэлI пщэрылъхэр и кIэм нагъэсу, узыншэу я унагъуэхэм къекIуэлIэжынымкIэ.











**ЕЗАУЭ Маринэ**

СВО — гуманитар дэIэпыкъуныгъэ

## ГъущI хьэпшыпхэр

**Зауэ операцэ хэхам щыIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ лэжьыгъэр зэпымыууэ ди республикэм щрагъэкIуэкI.**

Мы зэм, «рабица» гъущI сеткэ зэтешыхьа 70-м нэс, гъущI Iунэ, гъущI кIапсэ, СВО-м щыIэ ди зауэлIхэр зыхуэныкъуэ нэгъуэщI хьэпшыпхэр зэхуахьэсри зы машинэ из хуаутIыпщащ. КъЧР-м щыщу СВО-м хэт зауэлIхэм ядэIэпыкъунымкIэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща штабым а Iуэхур зэригъэзэхуащ.

— КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ нобэ СВО-м щыIэ ди щIалэхэр зыхуэныкъуэхэр яхудогъашэ. Хьэпшыпхэр зэхуэтхьэсащ «Копилка победы» акцэм ипкъ итуи ди республикэм щыпсэу цIыхухэм зэхадза ахъшэмкIэ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ, мыувыIэу сыт щыгъуи ди зауэлIхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу цIыхухэм, — жиIащ **#Мы вместе** Урысейпсо волонтер зэщIэхъееныгъэм и хэгъуэгу штабым и унафэщI ХьэкIырэ Ася.

СВО-р здекIуэкI щIыпIэм пилотыншэу лъатэ аппаратхэр куэду къыщагъэсэбэп зэрыхъурэ, ди зауэлIхэм захъумэнымкIэ хуабжьу щхьэпэщ «рабица» жыхуиIэ гъущI сеткэр. АбыкIэ щIытIхэр, блиндажхэр, нэгъуэщI хъумапIэ щIыпIэхэр яузэд. Ди сэлэтхэм я гъащIэр хъумэнымкIэ ар сэбэпынущ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Эфир зэIухам къикIыу

***Къэрэшей-Черкесым щыщу спецоперацэм хэт, «Сармат» къулыкъуцIэ зезыхьэ зауэлIыр «Первый» телеканалым и эфир зэIухам къыщытепсэлъыхьащ Донецк ЦIыхубэ Республикэм и Авдеевкэ къалэр зыубыдахэм ябгъэрыкIуэу къызэрыIэщIахыжам.***

## Дрогушхуэ ди хэкуэгъухэм

«Первый» каналымкIэ къат «Время покажет» политикэ нэтыным зыкъыпищIэкIэрэ, зауэ корреспондент Кукушкин Павел а ебгъэрыкIуэныгъэр зэрырагъэкIуэкIам и гугъу къригъэщIащ ди хэгъуэгум щыщу «Пятнашка» гупым хэт, Авдеевкэ хуит къэзыщIыжахэм ящыщ адыгэ щIалэм.

Эфир зэIухам щыжаIам зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу фыщыдогъэгъуазэ:

«Пэж дыдэу, иджыпсту сэ къызбгъэдэсщ Къэрэшей-Черкесым икIыу СВО-м добровольцу кIуа, «Сармат» къулыкъуцIэмкIэ псоми къацIыху сэлэтыр. Мы щIалэр езыр штурмовикщ, Авдеевкэ къалэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щекIуэкIа ебгъэрыкIуэныгъэм хэтахэм ящыщ зыщ.

— «Сармат», къыджеIэ, гугъу фригъэхьа Авдеевкэ къэщтэжыным?

— Гугъу дехьащ. Ауэ дэ — зы блиндажым нэгъуэщI блиндаж кIэлъыдгъакIуэу — хуэм-хуэмурэ зыдгъэбыдащ, ди гъуэгу дгъэкъабзэурэ, бийр гъэру къатщтэкIэрэ, адэкIэ дызэрыкIуэтэным дыпылъащ. ИкIи ди щIалэхэр ауи къэлэнджакъым. Псори хъарзынэу зэфIахащ.

— Гъэру куэд къэфщта?

— НытIэ, зыкъом къытIэрыхьащ. Иужьрейхэм, къапщтэмэ, нацистхэм куэду зату яублащ, — яжриIащ ебгъэрыкIуэныгъэм теухуауэ ди хэкуэгъу зауэлIым.

Мы зэманым, оборудованэкIэ зэпэщ щIыпIэм деж «wi-fi» зэпыщIэныгъэр къэдубыдащ. ЗауэлIхэм языхэзым уэрамхэр щIаплъыкI, ахэр гъэкъэбзэным и ужь итщ. КIэ зэдмыта гуп гуэрхэри иджыри къэнащ. ВСУ-м и дзэзешэ нэхъыщхьэ Сырский зэрыжиIамкIэ, унафэ ящIам тету я дзэхэр Авдеевкэ ирашыж, ауэ ар нэхъ зэщхьыр гужьей щIэпхъуэжыкIэращ.

Украин нацистхэр зэрыщIэпхъуэжыр квадрокоптерхэмкIэ долъагъу. Абыхэм къагъанэ уIэгъэ хъуауэ зи лъэ къыщIэмыувэж сэлэтхэр. ФIыщэуи къагуроIуэ икIи ящIэ ахэр дэ зэуапIэм къызэридмынэнури, къитхыжу дазэреIэзэнури.

— УIэгъэ зытелъ нацистхэм дарехьэлIэ зэпыт. Дыгъуасэнэхъыпэ апхуэдэ нэрыбгиплIым дахуэзати, къыдэмызауэмэ ямыдэу къыщытпэувым, хэдгъэщIащ, — игу къегъэкIыж «Сармат» цIэ лейр зезыхьэ зауэлIым.

Бийр и псэр пытыхун къыщыппэувыр куэдыкIейщ. Ауэ зыкъэзытым, зэрыгурыIуэгъуэщи, ди зауэлIхэм лей зэи ирахкъым, кърагъэл, къаубыдкIэрэ.

**Зыгъэхьэзырар**
**АБЫКЪУ Къамырзэщ**

# ЛІыхъужьхэм я щапхъэр

**Хэку зауэшхуэм къихьа гуауэр здызыхыумыщІэ унагъуэ гъуэтыгъуейщ. Абы зи нэхъыжь хэта унагъуэ куэдым сакъыу зэрахьэ зауэм и нэщэнэ тхыгъэ щимэхэр, сурэтхэр, нагъыщэхэр, нэгъуэщІ фэеплъ гукъэкІыжхэр. Ахэр унагъуэмкІэ уасэ зимыІэ гъэтІылъыгъэщ...**

## ТекІуэныгъэм щІэхъуэпсурэ


И анэ Нофэрэ Мухьэдинрэ

Тхыгъэхэмрэ архив дэфтэрхэмрэ къазэрыхэщыжымкІэ, ар 1944 гъэм уІэгъэ хъури, зи № 2343 госпиталым щІэлъащ. Абдеж мазэкІэ зыщригъэІэза нэужь, зы тхыгъэ унагъуэм къаІэрыхьащ узыншэ зэрыхъужар, адэкІэ зауэм зэрыпэрыувэжыр иту. «Сейчас еду обратно добивать фашистских захватчиков» — итт а тхыгъэм. Госпиталым къызэрыщІэкІыжым къыхэкІыу, мыбыкІэ тхыгъэ хуамытхыжыну къахуиІуэхуат. Мухьэдин ехьэлІа иужьрей хъыбару аращ унагъуэм къаІэрыхьэжар...

Адэр ямылъагъуу къэтэджами, абы и хъыбарым, и щыІэкІэ-псэукІэу щытам щыгъуазэу быныр къэхъуащ. Анэмрэ анэшхуэмрэ Мухьэдин и гугъу сабийхэм сыт щыгъуи хуащІт. Абыхэм ягу къызэрагъэкІыжымкІэ, адэм шыхэр фІыуэ илъагъут. Шыгъажэ ящІмэ, ар жыджэру яхэтт, икІи куэдрэ къэхъут псом япэ къыщыс. ЛІы гуапэу, щабэу, цІыхугъэ хэлъу зэрыщытар жаІэж, ноби адэм, адэшхуэм и фэеплъ нэхур щІэблэм яхъумэ.

Хъыбарыншэу кІуэда адэм, адэшхуэм и кхъащхьэр къызэрагъуэтыжам щІэблэр хуабжьу щыгуфІыкІащ икІи Мухьэдин и къуэ ХьэзрэІил и быным мурад ящІащ абы кІуэну. АрщхьэкІэ, апхуэдэ гугъэр къызэпиудащ Украинэм къыщежьа зэпэщІэтыныгъэм. Арами, щІэблэм жаІэ абдеж сабыр щыхъужмэ, я мурадыр зрагъэхъулІэнуи, Тхьэм къадигъэхъу!

Чэнджэщауэ (Алэш) Мухьэдин Лахъу и къуэр зи гъащІэр ТекІуэныгъэм тыхь хуэзыщІахэм ящыщщ. Ар фочауэу щытащ. Зауэр иухыным илъэс иІэу, хъыбарыншэу кІуэдащ. Унагъуэр а гукъеуэм хэту къэгъуэгурыкІуащ, Мухьэдин зауэм кърихыкІа и тхыгъэ кІапэхэмрэ сурэт закъуэтІакъуэмрэ я гурыфІыгъуэу псэуахэщ.

Куэд щІакъым, ар здыщІалъхьэжа щІыпІэр къызэрахутэрэ. Хъыбарыншэу кІуэда ди зауэлІхэм я хъыбар къэгъуэтыжыным псэемыблэжу телажьэ Хьэмыкъуэ Жаннэ архивхэм къыщигъуэтыжа дэфтэрхэр «Черкес хэку» газетым къытеддзащ. Мис абыхэм яхэтащ Чэнджэщауэ Мухьэдин теухуа хъыбарри.

Дэфтэрым зэритымкІэ, ар 1944 гъэм мартым и 21-м зауэм хэкІуэдащ, Украинэм и Одесскэ районым хыхьэ Андреевкэ къуажэм щыщІалъхьэжащ...

Мухьэдин зауэм щыдэкІам и ныбжьыр илъэс 33-м итт. Унагъуэ ищІауэ, зым нэхърэ зыр нэхъ цІыкІужу къуищ иІэт.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

## «ГъащІэ кІэщІым и хъыбар нэщхъей»



Хьэгъундыкъуей къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу, къэмыланджэу хэтахэм ящыщщ Бемырзэ Умар и къуэ Хьэмид.

Зауэр къэхъеин ипэ, Хьэмид дзэм къулыкъу щищІэну дашауэ, Балтийскэ флотым матросу щыІэт. А лъэхъэнэм а зы гупрат Балтийскэ флотым и 1-нэ Краснознаменнэ хыдзэлІ гуп хэхауэ щыІэр. Хэку зауэшхуэр щыщІидзам Хьэмид зыхэт 1-нэ хыдзэлІ гупыр хыхьэу щытащ Кронштадскэ хыдзэ гупым икІи ахэр Таллин, Выборг, Фин псы дэлъэдапІэм (Лавенсаарирэ Гогланд дежрэ) я Іэхэлъахэр яхъумэт. Гупыр псори зэхэту цІыху 2500-рэ хуэдиз хъут. 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м щегъэжьауэ абыхэм я гупыр Таллин къалэ щызэхуэсын щІадзащ. Мэкъуауэгъуэм и 23-м 1-нэ хыдзэлІ гуп хэхам Фин псы дэлъэдапІэм и гъунапкъэхэр, Таллин и къуэкІыпІэ, къухьэпІэ лъэныкъуэхэр яхъумэну, биидзэр а щІыналъэм кърамыгъыхьэну ирагъэувэлІащ. 1941 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм ику хъуху ахэр а ІэнатІэм пэрытащ. ИужькІэ ахэр майор Чапаев Иван я унафэщІу Бьерке хытІыгум (иджы Большой Березовый) ягъэІэпхъуэри полковник Румянцевым и нэІэ щІагъэуват.

А щІыпІэм зэпэщІэувэныгъэ гуащІэхэр щекІуэкІами, хыдзэлІ гуп хэхамрэ 16-нэ фочгъауэ дивизэмрэ я фІыгъэкІэ, нэмыцэхэр Таллин дагъыхьакъым икІи бийм хэщІыныгъэшхуэхэр яІэу Пярну къалэм нэс ирагъэкІуэтыжат.

ШыщхьэІум и 1-м хыдзэлІ гуп щхьэхуэм и 3-нэ фочгъауэ гупыр Марьямаа щІыналъэм и ищхьэрэ-къухьэпІэ лъэныкъуэр ирагъэбыдэн мурадкІэ, а щІыпІэм ягъакІуэ, абыхэм гъусэ хуащІ Палдиски къалэм щыщу ухуакІуэ гупитІ. А лъэхъэнэм а гупым я 1-2-нэ фочгъауэ гупхэм Таллин къалэм и гъунапкъэхэр егугъуу яхъумэт. 3-нэ фочгъауэ батальоныр нэхъыфІхэм ящыщу къалъытэт. Абы и унафэщІу щытар командир капитан Сорокинращ. Абы и гупым а щІыпІэр хъумэным къыщагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ зэфІэкІымрэ папщІэ цІыхуищым Бэракъ Плъыжьым и орден, цІыхуиблым Вагъуэ Плъыжьым и орден, «Хахуагъэм папщІэ» медалыр, «Зауэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм папщІэ» къыхуагъэфэщат.

1941 гъэм шыщхьэІум и 5-м 3-нэ фочгъауэ гупым Рапла къалэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкІэ, Эстонием и къухьэпІэ лъэныкъуэм хуэзэу, нэмыцэхэм гуащІэу пэщІэтащ ахэр. Бийр бжыгъэкІэ езыхэм нэхърэ зэрынэхъыбэм емылъытауэ, абыхэм яхузэфІэкІащ тхьэмахуищым нэблагъэкІэ зэрыпхъуакІуэхэм хэщІыныгъэ ирату япэщІэтын, къикІуэтын хуей щыхъуми, нэмыцэм зыІэрамыгъыхьэу къаІэщІэкІын. Уеблэмэ, гупым я унафэщІ Костиковыр уІэгъэ хьэлъэ хъуати, бийм заІэримыгъыхьэн папщІэ зиукІыжащ.

Таллин яхъумэн папщІэ хыдзэлІ гупу 14 зэрагъэпэщауэ щытащ, ахэр псори зэхэту цІыху мин 14 хъут. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкІэ, нэхъ дзэ лъэщу а лъэхъэнэм Таллин зыхъумауэ къалъытэр 1-нэ хыдзэлІ гуп хэхаращ. Адрей гупхэм хэщІыныгъэ ягъуэту къыщикІуэтми 1-нэ хыдзэлІ гуп хэхар нэмыцэхэм япэуву щрагъэкІуэта, щыщІагъэпхъуэжа къэхъуащ.

ШыщхьэІум и 29-м а гупыр Кронштадт къыщыкІуам зэрыхъужыр цІыху 543-рэт. Ахэр Ленинград фронтым иратыжауэ щытащ.

Ленинград фронтым и 42, 55-нэ зауэлІ гупхэм я пщэрылът щхьэмыгъазэу Лигово, Кискино, Верхнее Кайрово, Пулковскэ лъагапІэхэр, Московскэ, Славянкэ, Ленинград щІыналъэм хыхьэ Колпинэ, Шушар щІыналъэхэр яхъумэну, Ленинград и ищхъэрэ щІыпІэм и шынагъуэншагъэм дежкІэ а щІыпІэхэм я мыхьэнэр инт.

Абыхэм 42-нэ дзэ пакІэм я гъусэу Красное Село къалэм къыдыхьа нэмыцэхэр зэтраукІэну я пщэрылът. А Іуэхур и унафэ щІэтт Ленинград фронтым и унафэщІ, маршал Ворошиловым. 1941 гъэм фокІадэм и 10-м, гупым Іэщэ-фащэ ирикъуу ямыІэу Красное Село къалэбгъум щитІысыкІат. Ауэ щыхъукІи, абыхэм 3-нэ гвардейскэ дивизэр ящІыгъуу, бийр адэкІэ ямыгъакІуэу, лІыхъужьыгъэ ин къагъэлъагъуэу зэпэщІэувэныгъэр ирагъэкІуэкІын яхузэфІэкІащ. ИкІэм-икІэжым, ди зауэлІхэр Володарскэ къуажэм нэс икІуэтри, абдежи бийм гуащІэу щыпэщІэтащ. Апхуэдэу, а гупым лІыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу щІэзэуащ Пулковскэ лъагапІэхэм, Урицк къалэм. Абдеж абыхэм 6-нэ хыдзэлІ гуп щхьэхуэм я гъусэу биидзэр Красное Село-УрицккІэ пхыкІыу Ленинград дамыгъыхьэу яІыгъащ.

1941 гъэм и фокІадэ мазэр екІуэкІыу бийм хэщІыныгъэшхуэ иратащ, ар цІыху е Іэщэ ирехъу. Абы къыхэкІыу, нэмыцэхэм Ленинград дыхьэн мурадыр къагъэнэн хуей хъуащ, ауэ щыхъукІи, ахэр къалэм нэсыным къэнэжар километри 10-12 хуэдизт.

ХыдзэлІ гуп хэхам и 1-нэ, 6-нэ бригадэхэр зыхэта Ленинград фронтым и 8-нэ, 42-нэ дзэхэм я фІыгъэшхуэ хэлъщ Нева и сэмэгурабгъу лъэныкъуэм (Московскэ Дубровкэ щІыналъэм хуэзэу) иІэ плацдармыр зэраубыдар. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, нэмыцэхэм я мурад бзаджэр, Свирь псым деж финхэм я дзэм щыгухьэжыныр, къызэпаудащ.

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и хыдзэлІ гуп хэхам хэщІыныгъэшхуэ зэригъуэтам къыхэкІыу, 1941 гъэм щэкІуэгъуэм и 12-м, Петергоф къалэм и къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щызэбградзауэ щытащ.

А псом псэемыблэжу ядэзэуа Бемырзэ Хьэмид яхэтащ Ялтэ нэсахэм. Ар зауэм къыщикІыжам и Іэпкълъэпкъым уІэгъэ хьэлъэ зыбжанэ телът. Къыщалъхуа жылэм къигъэзэжа иужь, абы дэт пощтым и унафэщІу лэжьащ. 1950 гъэм, и ныбжьыр илъэс 28-м иту, ар яхыжащ зауэм щигъуэта уІэгъэхэм. А зэманым ар унагъуэщІэт, щІалитІ иІэти (Мухьэдинрэ Мухьэрбийрэ), нэхъыжьыр илъэситІ къудейт зэрыхъур.

Адыгэ дунейм щыцІэрыІуэ усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин и адэ тхьэмыщкІэм и къекІуэкІыкІар Іупщіу къыщигъэлъэгъуащ 1991 гъэм дунейм къытригъыхьа «Поэмэ нэщхъей»-м. «Кууүэ къыщоузым хуэфэщэн боус!» псалъэхэр щыІупщІщ мы тхыгъэм. Илъэс 28-р бжыгъэкІэ мащІэми, гугъуехьрэ хьэзабкІэ куэдыщэ и пщэм къыщыдэхуат а лІы ахъырзэманым къыхуиуха пІалъэм. Ауэ дэ поэмэм и кІыхьагъкІэ долъагъу цІыхуфэм дэмыхуэн хуэдиз къытрилъхьами, а цІыхухъу нэсыр дапщэщи цІыхуу къызэрынэжар, ар лІыгъэ псоми я щхьэщ.

Поэмэм щыщ Іыхьэ ди гуапэу тыдодзэ.

***

Іэюб иужькІэ уэри куэд дэмыкІыу,  
Си адэ, зауэ къэхъеям укІуащ,  
УауІэхункІи Іэщэр пІэщІэмыкІыу  
Биидзэ къыттеуам уебгъэрыкІуащ.  
ХыдзэлІу утетащ уэ япэ щІыкІэ,  
Балтийскэ хым (узыхуэзар арат),  
Фи кхъухьыр бийхэм щыщІагъэтІысыкІым,  
ЗыпщІыжри лъэс, пхъумащ уэ Ленинград.  
Къэхъуащ, уихуауэ бийм и ныбгъуэхьэшым,  
ЩІымахуэ шэдым уэ ущыхэлъа,  
ЦІыху къупщхьэхэр топышэм зэхихьэжэу,  
Ажалым куэдрэ уэ ущыІуплъа.  
Фызауэу фитыхун фэ бий къэпхъэным,  
КъарукІи шхынкІи мащІэкъым фшэчар,  
ІэбжьыбкІэ шынакъыкІ шэдылъэ бгъэным  
Къыщывубыду, щыфшхи къыхэкІащ.  
АрщхьэкІэ сыт хуэдиз фымылъэгъуами,  
Абыхэм лІыуэ фэ факъыхэкІащ,  
ИкІи зэпыфтхъыу бийм и сатыр гъуамэр,  
Дэ ди дзэм фэ фыхыхьэжын флъэкІащ.  
Абдеж уІэгъэ хьэлъэ ущыхъуати,  
КъоІэзэу куэдрэ уаІыгъа нэужь,  
УкъэкІуэжыну хуитыныгъэ къуатри,  
Уи хэкум къэпхужащ уэ уи лъэужь.  
(Илъэс зыбжанэ текІыжа нэужькІэ,  
Си адэ, зэрымыщІэкІэ къэпщІащ,  
А зэман дыдэм уэ уи къуэш нэхъыжьым  
Карелием къулыкъу зэрыщищІар.  
А тІум яку дэлъыр сытыт уегупсысмэ,  
Зы махуэм зэпичынут шы хуэщІам,  
АрщхьэкІэ, зауэ мафІэ угъурсызым,  
А гъуэгури фэ фи дежкІэ зэхуищІат).

***

Аращ, си адэ, сэ жысІэнур икІэу,  
Зэпызудащи, къысхуэгъэгъу, уи жейр,  
Къритхъыу си гур, сэ соух абыкІэ,  
Уи гъащІэ кІэщІым и хъыбар нэщхъейр.  
Уи кхъащхьэм щэхуу жыг щызэІущащэм,  
Яхуэдэу бжьыхьэ тхьэмпэ къыпыхуам,  
Ирехъу уэ щІыгуу птелъыр жэнэт пщІащэ,  
Си адэ дыщэу, гу зыщызмыхуа...  
**(1987-1991 гъ.гъ.)**

**ЩОМАХУЭ Залинэ**



**КІЫЩОКЪУЭ Алим**

### СЭЛЭТ ШЫРЫКЪУ

*Гъуэгу ткІум щытщІ*  
*мафІэм пхисыкІауэ*  
*И лъапщэм куэдрэ шэ техуащ,*  
*Ди Хэку ар слъыгъыу сыкъикІауэ*  
*Берлин нэсыхукІэ сыкъэкІуащ.*  
*Иджы и лъэгур къыщІэхуами,*  
*ИтІани щІэкІэ ар схъуэжын?*  
*Ар слъыгъыу*  
*бийхэм сатекІуащи,*  
*Сэ ар гуфІэгъуэм хуэсхьыжынщ.*

*СхуащІынщ ныбжьэгъухэм*  
*джэгу, згъэзэжмэ,*  
*БжэІупэр къабзэу япхъэнкІау,*  
*Хуэм хъумэ, Іэгур къаублэжу,*  
*Къэфэнщ бащлъыкъыр екъуэкІау.*  
*Абы шырыкъур сэ нэсхьэсмэ,*  
*Ар слъыгъыу сщІынущ ислъэмей,*  
*Сэлэт шырыкъум*  
*сфІэфІщ сэ лъысмэ*  
*Япэ къэфэгъуэр мис абдей.*

## Хэкум и къуэ щыпкъэхэр


Олег


Леонид

ЛІыгъэ... Сыт а псалъэм и мыхьэнэр? Мыбдежым ди гупсысэхэр хуожэ урыс тхакІуэ щэджащэ Карамзин Н.М. и псалъэхэм: «ЛІыгъэр псэм и щытыкІэ нэхъ инхэм ящыщщ»... Абы соувалІэ.

ЛІыхъужь хьэзырхэр къалъхукъым. Ауэ ахэр сыт щыгъуи иІащ икІи иІэнущ ди цІыхубэм, ди къэрал лъэпкъыбэм. Щапхъэщ Хэку зауэшхуэм и сэлэтхэмрэ СВО-м и иджырей лІыхъужьхэмрэ лъэпкъ куэдым къазэрыхэкІар. Зауэ операцэ хэхар щекІуэкІ пІалъэм къриубыдэу Украинэм деж зэхэуэхэм лІыхъужьыгъэ къыщагъэлъэгъуащ урысей сэлэт щэ, мин бжыгъэхэм. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я лІыкІуэхэр зэбгъурыту, топышэхэм я жьапщэм щІэту, хуокІуэ текІуэныгъэм, я гъащІэми щымысхьыжу, я ныбжьэгъухэми псэемыблэжу шэпэІудз яхуэхъуу, мамыр цІыхухэри нацистхэм щахъумэу.

Си нэгу щІэтщ си хэкуэгъу зэадэ-зэкъуэхэу Абдокъуэхэ – Леонид и къуэ Олегрэ Олег и къуэ Леонидрэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуэм и щхьэр щигъэтІылъащ СВО-р здекІуэкІ щІыналъэм.

Леонид 2002 гъэм гъатхэпэ мазэм и 29-м къыщыхъуащ и адэм сэлэт къулыкъур здрихьэкІа Севастополь. Къалэ лІыхъужьым щыпсэуми, унагъуэр щІэхъуэпст и къурш хэкум – Къэрэшей-Черкесым къигъэзэжыну. Лёня цІыкІу фІыщэу илъагъут Инжыдж, фІэфІт абы и гъатхэ псыпэ макъым и даущым щІэдэІуну. Лёня хуейт фІыуэ илъагъу и анэшхуэ Любэрэ езым зи цІэр гушхуэу зэрихьэ и адэшхуэ Леонидрэ здэпсэу Бэвыкъуэ къуажэм къэкІуэжыну.

Я къуэр зыщІэхъуэпсыр хуагъэзащІэу, адэ-анэр къэкІуэжащ къыздалъхуа Бэвыкъуэ. Ауэ, 2017 гъэм ебгъуанэ классыр къиуха нэужь, Леонид мурад ищІащ и адэм и Іуэхур адэкІи пищэну, икІи щІыхьащ Севастополь хы колледжым.

2021 гъэм матрос ныбжьыщІэ Абдокъуэр ящтащ адмирал Ушаков и цІэр зезыхьэ Къэрал университетым. Матрос Абдокъуэ Леонид хы ФІыцІэ флотым и Кърым военно-хы базэм и десант кхъухьхэм я 197-нэ бригадэм хэт «Саратов» десант кхъухь иным и трюм-котельнэ командэм и машинистт...

Леонид иужьрей гъуэгу трагъыхьэжащ 2022 гъэм и мэкъуауэгъуэм (июным). Илъэс 19-м иту ар хэкІуэдащ Бердянск хуит къыщащІыжым. Леонид лІа нэужь (посмертно) къыхуагъэфэщащ хахуагъэ Орденыр.

Леонид здыщеджа Іуэхущ ІапІэм къыщызэІуахащ ди хэкуэгъу лІыхъужьым и фэеплъ щІыхь пхъэбгъу.

И къуэр зэрыхэкІуэдам къыхэкІыу, адэр зэуакІуэ кІуащ СВО-м. Зэхэуэхэм ящыщ зым Олег хахуагъэ къыщигъэлъэгъуащ икІи къыхуагъэфэщащ «За заслуги перед Отечеством 2 степени» орденым и медалыр. ГущІыхьэщ адэм и лІыхъужьыгъэм къуэр зэрыщымыгуфІыкІыжыфынур. Иджыблагъэ Олег къратащ етІуанэ правительствэ тыгъэ лъапІэри.

Къуэр адэм папщІэ мэзауэ, адэр – къуэм папщІэ. Куэдрэ къохъу щызэдэзауи, фронтым деж щызэхуэзи...

Абдокъуэ зэадэ-зэкъуэм я лІыхъужьыгъэр хэткІи щапхъэ ирокъу. Абыхэм къагъэлъэгъуащ я Хэкур фІыуэ зэралъагъумрэ абы зэрыхуэщыпкъэмрэ. Апхуэдэ къуэхэм я хахуагъэмрэ я хэкупсагъэмрэ къапэкІуэу ди къэралыр текІуэнущ.

Сэ сыщоджэ 10-нэ классым. Илъэс текІмэ, еджапІэр къэзухынущи, схузэІухащ дунеишхуэм сытезышэ гъуэгур. СызэрыкІуэну кІуэрабгъур сэр-сэру къыхэсхыжын хуейщ. Абы куэдрэ согупсыс икІи сропІейтей. Ауэ абы дэщІыгъууи быдэу сощІэ: сэ дэнэ сыщымыІэми, сыт сымыщІэми, сыкъэнэнущ си лъэпкъым, си Кавказым, си Урысей иным яхуэфащэ къуэ щыпкъэу.

Сэ сощІэ, гъащІэ гъуэгур щытынукъым тыншу, занщІэу укъуэдияуэ, ауэ сэ сыпылъынущ гугъуехьхэр сыкъимыкІуэту къызэнэкІыным. Сэ иджы абы шэч къытесхьэкъыми, текІуэныгъэр зыІэрыбгъыхьэн папщІэ, лІыгъэ пхэлъын, нэхъыщхьэр араци – уи Хэкур гъунэншэу фІыуэ плъагъун хуейщ. ЦІыхумкІэ къыздалъхуа щІыналъэм, Хэкум нэхъ лъапІэ щыІэкъым.

Дапщэщи, ди лъэпкъыр адрейхэм къахэщт къыздэхъуа Хэкум ину зэрыхуэщыпкъэмкІэ, и хэкупсагъэмрэ лІыгъэмрэкІэ. СВО-м хэт ди сэлэтхэм я хахуагъэр дыщэ хьэрфхэмкІэ хэтхащ ди къэралым и тхыдэм.

Дэ сыт щыгъуи дгъэлъэпІэнущ захуагъэм щІэзэуа ди щІалэхэм я цІэхэр, ену дигу илъынущ хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ зи гъащІэр щІэзытахэр.

**АБДОКЪУЭ Умар,**  
**Урысейм и ЛІыхъужь Къардэн Уэхьид и цІэр зезыхьэ ПсэукІэ-Дахэ курыт еджапІэм и епщІанэ классым и еджакІуэ**

1 ↰

Хэкупсагъэ

## Контракт къулыкъур — щІыхьщ

ЛэжьапІэ къыІукІыжым кърaтыпхъэ ахъшэр зэфІэмыкІауэ, кІыхьлІыхь хъуамэ, ари щхьэусыгъуэщ махуэ нэхъыбэ еттынымкІэ. Нэхъыбэ дыдэу — махуи 10.

**— Контрактник. Хэт ар?**

—Контрактникыу щытынкІэ мэхъу зэгуэр къулыкъу зыщІауэ запасым щысри, къулыкъур зыпэщІэмыкІахэри. Пунктым щылажьэхэр нэхъ ІуэхущІапІэ, къулыкъущІапІэ инхэм дыкІуэурэ, зэпсэлъэныгъэхэр щыдогъэкІуэкІ. Абы иужькІэ къулыкъум дэкІыну хуейуэ къыдэкІуалІи, езыр-езыру къытхуэкІуи щыІэщ. Я ныбжькІи, я щІэныгъэкІи, я ІэщІагъэкІи зэхуэмыдэщ. ЩІалэ дыди, зи ныбжьыр илъэс 50-м блэкІаи хохьэ контракт къулыкъум.

**— Контракт къулыкъущІэр зэуапІэм Іут, хьэмэрэ нэгъуэщІ къалэнхэр и пщэ иралъхьэнкІэ хъуну?**

— Зауэ щекІуэкІа щІыпІэхэми, зынэмысахэми щылэжьэнкІэ мэхъу ахэр, ящІэн щыІэщ: зэпыщІэныгъэ Іэмалхэр зэфІэгъэувэжын, псэукІэр зэтегъэпсыхьын я лъэныкъуэкІэ. АтІэ, а щІыпІэхэм щыпсэу цІыхухэмкІэ гъащІэм пещэ, я Іуэхуи я лэжьапІи зэкІэлъагъэкІуэн хуейщ.

**— Республикэм щыщ бзылъхугъэ мащІэкъым СВО-м кІуэну хуейр. ИджыкІэ дапщэ хэтыххэ зауэ операцэ хэхам?**

— Мы гъэр зэрыщІидзэрэ бзылъхугъищ контракткІэ зауэ операцэ хэхам хыхьащ. Хэтыххи диІэщ. И нэхъыбэу ахэр медицинэ лэжьакІуэщ. ПщафІэ, радиомеханик, радиотелефонист, связист — апхуэдэ къалэнхэщ бзылъхугъэхэм ягъэзащІэр.

**— 2023 гъэм, мы гъэм контракткІэ къулыкъум нэрыбгэ дапщэ дэкІа?**

— Илъэс кІуам цІыху 1500-рэ хыхьащ СВО-м. Мы гъэм хуэмурэ Іуэхур едгъэжьащ. Илъэсыр зэрыщІидзэрэ контрактникыу нэрыбгэ 60 дэкІащ. СызэрегупсысымкІэ, щІымахуэ щІыІэри абы щхьэусыгъуэ хуэхъуу къыщІэкІынщ. Дыпоплъэ дунейр тІэкІу хуабэ къэхъумэ, къулыкъум кІуэну хуейуэ зыкъытхуэзыгъэзэнум я бжыгъэр хэхъуэну.

**— Сыт апхуэдэ гупсысэр къызыхэкІыр?**

— Псом япэрауэ, цІыхум и зэхэщІыкІращ, и жэуаплыгъэращ. Ауэ контрактникым и улахуи, и социальнэ хуэгъэкІуэтэныгъи, ахъшэ щІыгъужыныгъи Іейхэкъыми, абыхэми мыхьэнэшхуэ яІэщ, пцІым сыт и фІагъ.

**— Ветеран щІыхьыцІэм нэхъ тыншу дыщыбгъэгъуэзамэ хъунут. Абы ехьэлІауэ зэдауэ щыщыІэ къохъу.**

— Зы махуэ закъуэ нэхъ хэмытами, СВО-м щыІа дэтхэнэми ветераным и удостоверенэр иратын хуейщ. Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ: 2022 гъэм шыщхьэІум командировкэ щІыкІэу Луганск махуиблкІэ сыщыІащ, ветеран удостоверенэри къызатащ. Илъэс кІуами, гъэмахуэм сыкІуэри мазитІкІэ сыщыІащ, Донецк къыщызэрагъэпэща пунктым дадэІэпыкъуу. Ветеран удостоверенэми социальнэ хуэгъэкІуэтэныгъэфІхэр къыдокІуэ.

**— Дрогушхуэ ди зауэлІхэм. Шэч къытетхьэкъым абыхэм езыхэм я жэрдэм, гупсысэ, Іэмал гъэщІэгъуэн гуэрхэри зэуапІэхэм къызэрыщагъэсэбэпым. ЗэрызэхэтхамкІэ, абыкІэ армукъым ди хэгъуэгу щІалэхэр. Хъунумэ, щапхъэ гуэрхэр къытхуэхь.**

— Си гуапэу. ГъущІ зэпыгъэжьэныр, техникэр, машинэхэр щІыжыныр я ІуэхущІафэу щыІэ ди щІалэхэр мэхъаджэщ. ШхапІэхэм къыщагъэсэбэп шэрхъитІ гукІэрыщІэным зенит установкэр трагъэувэщ, «УАЗ»-икым пащІэщ, позицэм увщ, дэгъуэу яхэуэри, псынщІэу, къамыхутэ щІыкІэ, къагъэзэжри ангарым щІэувэжащ. Уегупсысмэ, гугъуу зыри хэлъкъым къагупсыса «ІэщэщІэм», ауэ сэбэпу къихьыр мащІэкъым. «Газель»-м пыщІа гу цІыкІухэмкІэ зэуапІэхэм Іэщэ яшэ. Къаплъэмэ, бийм ауэми гурыщхъуэ ищІкъым щІэхъумауэ ягъэІэпхъуэр Іэщэу.

**— Ди контрактникхэри, СВО-м Іутхэри зыхуэныкъуэхэмкІэ тыншу къызэгъэпэща?**

—ЕрыскъыкІи щыгъынкІи къызыхуэтыншэщ.

**— Зэман къытхудэбгъахуэу укъызэрытхуэзамкІэ фІыщІэ пхудощІ. Дапоплъэ дэтхэнэ ди зауэлІми узыншэрэ бэІутІэІуншэу къагъэзэжыну!**

**Епсэлъар**  
**ТУАРШЫ Ирэщ**

# щIэблэм я гъуазэщ!

## Гум хэлъ къутахуэ

***УЭЗ Хьэжбэчыр Мыхьэмэт и къуэр Дзэ Плъыжьым къыхэкIыжри зыщалъхуа Куэш-Хьэблэ къуажэм къигъэзэжащ и гум шэ къутахуэ хэлъу. Зауэр иджыри иухатэкъым, жейм ибгына хьэблэхэм къыдэIукIт анэхэмрэ фызабэхэмрэ я гурым макъхэр. А махуэр сытым хуэдэу хуабэвэхт езыр, уи къарур пщIихыу. Гъуэгубгъум къыздрикIуэм, Хьэжбэчыр игу къэкIыжащ къеIэзауэ щыта дохутырхэм я псалъэхэр: «Уэзгуэп хъунукъым!» Езыми къыгурыIуэт ар — бэлэрыгъ хъужыкъуэмэ, биишэм щыщу и гум къыхэна гъущI къутахуэм, дауи, уанэ мыгъуэр къытрилъхьэнкIэ мэхъу.***

УIэгъэщым щыщIэхуам, зауэлIым ехьэкIыншэу къыжраIащ: «Уи гум хэлъыр къыхэтхыжыфынущ, ауэ укъемылынкIэ шынагъуэ щыIэщ, узэгуэп хъунукъым» жари. Чэнджэщу къратам пилъхьаIакъым. Ауэ, нэгъуэщIу хузэфIэкIынут, илъэситIрэ никъуэрэкIэ зауэ губгъуэхэм итауэ и адэжь и унэ къэзыгъэзэжам?!



«Уэзхэ Хьэжбэчыррэ Цуцэрэ я унагъуэм къуиплIрэ зыпхъурэ яIэщ: Владимир, Николай, Зое, Мухьэмэд, Юрэ сымэ. Цуцэ — мыжэщ-мымахуэ зэрыжаIэу, хьэцэпэцэр епхри губгъуэм итщ. Дыгъэр зэрыкъухьэу и унэ йокIуэлIэжри, цIыкIуи ини зыхуей хуегъазэ, и пщыхьэщхьэшхэр сыт щыгъуи хьэзырщ. Зы махуэ гуэрым, и щхьэгъусэм зыхуигъазэри жриIащ: «Нобэ нормищ згъэзэщIащ!»

Сержант нэхъыжь Уэзыр, уIэгъиплI зэриIэу, япэм зыщылэжьа къуажэ колхозым Iухьэжыну мурад ищIащ. Абы и псалъэхэм къахэщт фIэщхъуныгъэ быдэ: «АтIэ, гуфIэгъуэшхуэкъэ ар, Хэкум уи пщэ кърилъхьар бгъэзэщIауэ уи жьэгу пащхьэ укъихьэжыныр?! Сэ иджыри куэд слъэкIыну сыкъегъэгугъэри, фронтым сыIумытыжми, тылым сыхуэлэжьэнщ, совет цIыхухэр фашистхэм ятекIуэхун!»

Тхьэмахуит нэхъ зрамыгъэгъэпсэхуу, зауэм къызыпэриша лэжьыгъэм и ужь ихьэжащ Хьэжбэчыр — и гуащIэдэкIым бухгалтеру щыпищэжащ Куэш-Хьэблэ Воробьёв и цIэр зезыхьэу дэт колхозым. Абы хуабжьу фIэгъэщIэгъуэнт колхозым къыпхуэмыцIыхужыну зэрызихъуэжар. Фронтым деж къыIэрыхьэу щыта газетхэм, письмохэм ярытт тылыр псэемыблэжу зэрылажьэр, ауэ а псори езым и нэкIэ къыщилъагъум, иригушхуащ и Iыхьлы-Iэулэдхэм я гъащIэр фIы зэрыхъужым.

Зауэ гущIэгъуншэжьыр зыдэмыхьа къуэладжэ щыIэжтэкъым: зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIт лагъымхэр ену къыщыуэ щIыпIэхэми, щхьэмыж къэзыщIа мэш губгъуэхэми.

Апщыгъуэм, абы и гуфIэ макъым дамэ къыптригъакIэу апхуэдэти, зауэлI пхъашэми хуэгъэпщкIуакъым унэгуащэм и щхьэр ину зэрыригъэлъагъужар: «Сыту фIыуэ узиIэт сэ уэ. Мис апхуэдэу лажьэ уэ, укъэмыувыIэ! — жиIащ лIым. «Аращ сызэрылэжьэнури!» — итыжащ жэуап Цуцэ.

Мы гукъэкIыж кIэщI цIыкIур Черкес автоном областым зауэм щыгъуэ урысыбзэкIэ къыщыдэкIыу щыта «Красная Черкессия» газетым и архивым къыщыхэтхыжащ.

Уэз Хьэжбэчыр Мыхьэмэт и къуэр I9I8 гъэм гъатхэпэм и 10-м Куэш-Хьэблэ къуажэм къыщыхъуащ. И адэ-анэр — Мыхьэмэтрэ Цацэрэ (Джэрджэхэ япхъу), кулакыцIэр зыфIащу, политикэ зэхэзехуэн ящIу, 1931 гъэм Омск областым ираша унагъуэхэм ящыщщ.

Куэш-Хьэблэ колхозым Хьэжбэчыр щылэжьащ илъэс иримыкъукIэ. 1945 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм ар Икон-Хьэлъкъ районым и финанс къудамэм бухгалтеру ирагъэблагъэ. Абдеж мазэ бжыгъэ нэхъ щымылэжьауэ, Хьэбэз райфом и унафэщI IэнатIэр къыхуагъэфащэ.

Зауэм и ветераным IэнатIэ лъагэ зэхуэмыдэхэр зэрихъуэкIыну къыхудохуэ. Финанс Iуэхухэм фIыуэ хищIыкIыу зэрыщытым къыхэкIкIэ, Хьэбэз районым ит Ленин и цIэр зезыхьэ колхозым бухгалтеру илъэсищкIэ и гуащIэ щегъэтIылъ. 1949 гъэм ар трагъыхьэ Черкес автоном областым и Госстрахым и Управленэм и унафэщIу. Абы адэкIэ, щIыхь ин зыпылъ лэжьыгъэхэр и пщэ къыдалъхьэ — илъэс зэхуэмыдэхэм къриубыдэу ар и тхьэмадащ Ленин и цIэр зезыхьэ колхозми, «Хьэбэз» совхозми. 1961 гъэм гъатхэпэм и 17-м и унафэм щIагъэувэ Хьэбэз и облпотребсоюзыр. ИлъэситI токIри, Хьэбэз райисполкомым щыIэ плановэ комиссэм ягъакIуэ. 1970 гъэм — Хьэбэз районым сатумкIэ и къудамэм и тхьэмадэу хах.

Мы лIы щыпкъэр ди анэм и адэшхуэщ. Уэз лIакъуэм щыщу ди нэхъыжьым къытепсэлъыхьыфын гъуэтыгъуейщи, сэ сызыщыгъуазэ тIэкIумкIэ сывдэгуэшэну лъэкIыныгъэ зэрызиIэм срогушхуэ.

Уэз Хьэжбэчыр дунейм ехыжащ 1975 гъэм шыщхьэIум и 29-м. Мис а и гум хэлъа гъущI такъырращ и гъащIэр мащIэ зыщIар. Нэхъыбэ къигъэщIэнкIи хъунт абы, ауэ...

Бынитхум я еплIанэу къакIуэ, и къуэ Мухьэмэд (ТIытIунэт унагъуэр къызэреджэр) илъэс 29-м иту, я унэ бжэIупэм и гъунэгъуу машинэм щIэхуэу щыфIэкIуэдым, адэм и дунейр къытеункIыфIащ. Уэзхэ къатепсыха гуауэр хуэгъэвакъым, зыри фIэмыIэфIыж хъури, куэд дэмыкIыу, и къуэ тхьэмыщкIэм кIэлъыкIуэжащ.

Си анэшхэм я гукъэкIыжхэм щыщу:

— Зэхэуэ хьэлъэм хэткIэрэ, Хьэжбэчыр къауIэри контузие игъуэтащ. Лагъым къэуам къриуда щIыгум щIиIуба ди щIалэр къалъыхъуащ зыкъомрэ. Санитаркэ гуэрхэр абы и гъунэгъуу блэжти, щэIу макъ зэхахри, дэIуэну къэувыIащ. Мо щIы щIагъым къыщIэнам, жьы имыгъуэту арагъэнти, и щэIуныр щыщIигъэхуабжьэм, къагъуэтыжащ. Зэуи военнэ уIэгъэщым яшащ. Хуабжьу гугъу ехьащ къызэфIэмыувэжыфу. Контузием зи лъэ щIиха, гукъыдэмыжым мыпсэлъэж ищIа зауэлIым дохутырхэр мазитI нэблагъэкIэ къеIэзащ.

Уэз Хьэжбэчыр и къулыкъур щыщIидзауэ щытащ лэжьакIуэмэкъумэш Дзэ Плъыжьым хэту. Ар НКВД-м и 90-нэ батальон щхьэхуэм и сержант нэхъыжьт. Зауэ нэужьым, 1956 гъэм Москва къалэм иунэтIри, Союзпсо заочнэ финанс-кредит техникумым щеджащ, «СССР-м и къэрал страхованэ» IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. 1961-1966 гъэхэми къиухыжащ Центрсоюзым и Москва кооператив институтыр.

Гум хэлъ къутахуэм къинэмыщIауэ, Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ, Уэз Хьэжбэчыр «Вагъуэ Плъыжь» орденымрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм щылыду Куэш-Хьэблэ къыдыхьэжащ...

**ЛЫХЬ Тимур**



## «Урысейр - си унагъуэщ»

Урысейм Украинэм щригъэкIуэкI зауэ операцэ хэхам зэрыщIидзэрэ илъэситIым зэрынэхьэсащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу, ди къэралым и цIыхухэмрэ и гъунапкъэхэмрэ зэрихъумэм къыдэкIуэу, нэрылъагъу тхуэхъуащ ди зэманым и лIыхъужьхэр къызэрыунэхур, зауэлI щхьэмыгъазэхэр зэрыдиIэр. IэщIагъэлI къызэрыкIуэу щыта щIалэхэр хахуагъэрэ лIыгъэрэ къагъэлъагъуэу зауэ губгъуэм итщ, мамырыгъэмрэ пэжыгъэмрэ щIэбэну. Нобэ зи лъахэ лей къытезмыгъыхьэну хущIэкъухэм яхэтщ ди хэкуэгъу щIалэхэри. Абыхэм ящыщщ Чырбыжхэ Борис Алик и къуэр.

Борис Беслъэней къуажэм къыщыхъуащ. А жылэм дэт курыт еджапIэм щеджащ. Унагъуэр Черкесск къалэм къыщикуэшыжым, къалэм дэт 9-нэ гимназием нэхъыжь классхэр къыщиухыжащ. Ухуэныгъэм и лъэныкъуэгъазэхэр фIыуэ зылъагъу щIалэм къалэм дэт, апхуэдэ щIэныгъэ къыздыщIах Iуэхущ1апIэр диплом плъыжькIэ къиухащ, и гъащIэми гъуэгу гъуэмылэ щыхуэхъуар а IэщIагъэращ. Унагъуэ дахэ иIэщ. Зыми пимыщI ипхъу цIыкIур насыпышхуэу къелъытэ. 2018 гъэ лъандэрэ уней хьэрычэтыщIэщ.

Борис зигъэпсэхуну, унагъуэм тIэкIу яхэсыну къаутIыпщыжауэ дыхуэзэри, СВО-м ехьэлIауэ и гупсысэхэр жедгъэIащ. АтIэ, щIалэм къыгурыIуэ ар абы щIыщыIэри, игъэзащIэ пщэрылъри.

— Сыт хуэдэ цIыхумкIи нэхъыщхьэу щытщ Хэкур хъумэныр. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ къыщыкъуэкIым, сыарэзыуэ, зауэлI къалэнхэр згъэзэщIэну ди сэлэтхэм я сатырэм сыхэуващ. Урысейр — си унагъуэщ. АтIэ, ар псэзэпылъхьэпIэ щихуа лъэхъэнэм лъэныкъуэкIэ дауэ сыщытыну?! Сэ абы сыщIэкIуар си Хэкур, си унагъуэр схъумэн щхьэкIэщ.

Мыбы дыщIыщыIэр, ди къалэн пажэр бийр ди щIыналъэм, ди хэгъуэгухэм нэмыгъэсынращ, ди щIэблэм я къэкIуэнур дахэу, хьэлэбэлыкъыншэу ирахьэкIынращ. 1941 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къыщытебэнам, ди адэшхуэхэр, ди нэхъыжьхэр зыщIэбэнаращ нобэ дэри дызыпэщIэувар. Командованэм къытхуигъэув пщэрылъхэр нэсу зэрызэфIэтхыным дыпылъщ. КъикIуэт диIэкъым. Ди къалэнхэр дгъэзащIэу, ТекIуэныгъэр ди Iэрылъхьэу дыкъекIуэлIэжынращ ди плъапIэр, — къыддогуашэ Борис.

Куэдрэ зэхыдох ди щIалэхэм зэрахьэ лIыгъэм и хъыбархэр, зауэ губгъуэм щагъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ къыхуащI гулъытэмрэ къыхуагъэфащэ дамыгъэ лъапIэхэмрэ куэдщ. Бориси апхуэдэ гулъытэхэр иIэщ, ауэ абыхэм тепсэлъыхьыну фIэфIкъым. ЕзымкIэ нэхъыщхьэр бийр хагъащIэу, я унагъуэм узыншэу къахыхьэжынращ. АбыкIэ гугъапIэ зэраIэри, къэрал лъэщыр, цIыхубэр я щIыб къызэрыдэтыр зэрызыхащIэри, абы нэхъри къару къазэрыхилъхьэри щIалэм къыхегъэщ.

— Псом хуэмыдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Лъыс Арсен зи пашэ, «ZOV КЧР» псапащIэ гупым хэтхэм. Лъыс Арсен гушхуэ зыкIуэцIылъ цIыху хэкупсэщ. Гупым къабгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэм къинэмыщIауэ, Арсен и щхьэкIэ мызэ-мытIэу нытхуэкIуащ, дызыхуэныкъуэхэр зригъэлъэгъуащ. Абы нытхуишащ дызыхуэныкъуапэхэу тепловизор, дроным пэщIэт пушкэ жыпIэми, ерыскъыхэкIхэр, щыттIэгъэнкIи фIыуэ дыкъызэгъэпэщащ. Ахэр псори ди гъащIэр къэзыхъумэщ. ДэтхэнэмифIыщIэ хузощI апхуэдэ гулъытэ къызэрытхуэфщIым папщIэ, — жиIащ Борис.

ЕкIуэкI Iуэхум урымынэщхъеинкIэ Iэмал иIэкъым, ауэ гур хэзыгъахъуэр ди зэкъуэтыныгъэмрэ зэдэIэпыкъуныгъэмрэщ, ди цIыхухэм я хэкупсагъэмрэ пэжыгъэмрэщ. Нобэ зауэ операцэ хэхар иухми, ар жылагъуэм къахэнэнущ. Абы Урысей Федерацэр нэхъ лъэщ, зэкъуэт, къарууфIэ ищIынущ!

**ЕЗАУЭ Маринэ**

## Газетхэр — ди щIалэхэм папщIэ

Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм ирихьэлIэу, ди республикэм къыщыдэкI «День республики», «Черкес хэку», «Абазашта», «Къарачай», «Ногай давысы» лъэпкъ газетхэр зэгъусэу, Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам щыIэ ди зауэлIхэм ятеухуауэ къыдэкIыгъуэ щхьэхуэ ягъэхьэзыращ.




Абы ихуащ мы зэманым зауэм Iут, Хэкур зыхъумэ ди зауэлIхэм, зауэлI пщэрылъхэр щIыхь пылъу зыгъэзащIэу я унагъуэ къэзыгъэзэжахэм ятеухуа тхыгъэхэр.

КъинэмыщIауэ, газетым ихуащ я Iуэху зрагъэтIылъэкIыу, егъэзыгъэ хэмыту, ди сэлэтхэм ядэIэпыкъун мурадкIэ абыхэм щыгъын хуабэ яхуэзыд, сэлэтхэм я быдапIэхэр гъэпщкIуным сэбэп хуэхъу, бзыхьэхуэхэм къыхэщIыкIа хъархэр зыблэ, щIытIым щаIыгъын шэхухэр зыгъэж, нэгъуэщI IуэхугъуэфI щхьэпэхэр зылэжь цIыхухэр. Абы ущрохьэлIэ зауэ губгъуэм ит я адэхэм, я Iыхьлыхэм тхыгъэ цIыкIухэмрэ сурэтхэмрэ яхуэзытха цIыкIухэм.

КъыкIэлъыкIуэ гуманитар дэIэпыкъуныгъэм и гъусэу, ди хэгъуэгум щыщ сэлэтхэм къулыкъу здащIэ щIыпIэхэм газетыр яшэнущ.

Догугъэ апхуэдэ тыгъэр ди щIалэхэм ягу нэсыну, я гукъыдэжыр къиIэтыну, я унагъуэхэр темыпыIэжу къызэрежьэр иджыри зэ ягу къигъэкIыжыну!

Дохъуэхъу я махуэщIымкIэ!

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

«Движение Первых» зэщIэхъееныгъэ

## ХъумакIуэхэм — письмохэр



Урысейм и ЛIыхъужь Къардэн Уэхьид и цIэр зезыхьэ ПсэукIэ-Дахэ курыт еджапIэр ящыщщ «Движение Первых» зэщIэхъееныгъэм иригъэжьа урысейпсо жылагъуэ-къэрал акцэм хыхьахэм. Мы еджапIэм щыщу «Движение Первых»-м хэтщ сабии 125-рэ. Ахэр зи нэIэ щIэтыр егъэджакIуэ КIэдэкIуей Ларисэщ.

Абы къызэрилъытэмкIэ, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я «Движение Первых» Урысейпсо зэщIэхъееныгъэм и къалэн пажэщ «Урысейм щIыгъун, цIыхуу къэнэжын, зэкъуэтын, Iуэху щIэн, япэ итын» къыхуеджэныгъэхэр гъэщыпкъэныр.

— ЗэщIэхъееныгъэм хыхьэкIэрэ, дэтхэнэ еджакIуэми Iэмал егъуэт еплъыкIэу иIэм, зэта Iуэхухэм, фIэгъэщIэгъуэнымрэ и ныбжьымрэ техуэну ныбжьэгъухэр къигъуэтыну.

Мыбдеж ныбжьэгъу щызэхуэхъуахэр сыт щыгъуи зэрыIыгъэщ. Абыхэм я гъащIэр къыгуэпх мыхъуну Хэкум епхащ, щхьэж хуэхьэзыру зэрекIуэлIэным пылъщ абы къулыкъу хуэщIэным, и къэкIуэнумкIэ жэуап хьыным.

ЕджакIуэхэр жыджэру хэтщ зэпеуэ, зэхьэзэхуэ, джэгу, акцэ зэхуэмыдэхэм. Нэхъ гулъытэ зыхуедгъэщIхэм ящыщщ «Пишу тебе, Герой», «Мы вместе» зауэ-хэкупсэ акцэхэр. Апхуэдэ щIыкIэу, Хэкум и ЛIыхъужьхэм я МахуэмкIэ, ИлъэсыщIэмкIэ, Хэкум и хъумакIуэм и МахуэмкIэ, ТекIуэныгъэм и МахуэмкIэ дохъуэхъу къулыкъущIэхэм, спецоперацэм хэтхэм. Сабиигум къикI псалъэ гуапэхэмкIэ нэсу къагъэлъагъуэ Хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ зауэлIхэм фIыщIэу хуащIымрэ.

КъулыкъущIэхэм, хэхауэ спецоперацэм щыIэхэм текIуэныгъэр я Iэрылъхьэ хъуауэ къэзыгъэзэжынкIэ къапэплъэ я унагъуэхэр, Iыхьлыхэр я письмохэмрэ сурэтхэмрэкIэ ягу къызэрагъэкIыжыр сабийхэм къагуроIуэ. ЦIыкIухэм ящIэ а письмохэр махуэ къэс къулыкъу хьэлъэ езыхьэкI ди щIалэхэм я гукъыдэжымрэ я пщIэмрэ къызэраIэтыр. Сабийр зэгугъуу итх псалъэхэм хелъхьэ урысей зауэлIхэм ягъэзащIэ пщэрылъхэр зэрадищтэмрэ абыхэм зэрыригушхуэмрэ яригъэлъагъуу. Йохъуэхъу сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэми щIыхь пылъу къыхэкIыну, псэууэ я унэ къекIуэлIэжыну, — и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ ПсэукIэ-Дахэ еджапIэм щыIэ «Движение Первых» зэщIэхъееныгъэм и пашэ егъэджакIуэм.

А псом ищIыIужу, егъэджакIуэм жиIащ сабийхэм мазаем и 23-м — Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм хуэгъэзауэ зауэлIхэм письмохэр хуагъэхьэзыру щыхурагъэхьыну махуэр къахунэмыгъэсыжу зэрыщысыр. ЕджапIэм щIэсхэми, зэщIэхъееныгъэм хэтхэми ящIынущ щIытIым къыщагъэсэбэп кIэртIофуэздыгъэхэр, ягъэхьэзырынущ гуманитар дэIэпыкъуныгъэрэ я гу хуабагъ зыщIэлъ письмохэмрэ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ**

Мазибгъу фIэкI къулыкъу имыщIауэ къежьащ Хэку зауэшхуэр, икIыхьагъкIи шуудзэм хэтащ, бийм удын хьэлъэ езыхыфахэм ящыщуи къалъытэ.

Мазэ фIэкI темыкIыу Ельнэ и Iэхэлъахэхэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм уIэгъэ хьэлъэ хэхъухьащ. Сымаджэщым щIэлъу нэмыцэхэр къащебгъэрыкIуэм, иджыри мыхъужыпауэ къыщIэкIыжащ, езанэ шуудзэ хэхам захригъатхэри, бийм и щIыбым щызэуащ. ИужькIэ генерал Доватор и етIуанэ шуудзэ корпусым и пулемет расчетым и командиру, пэщIэдзэ парт организацэм и секретару адэкIэ пищащ и зауэ гъуэгуанэр. Ар щытауэ жыпIэ хъунущ адыгэлIым и лIыхъужь гъуэгуанэу. Сыту жыпIэмэ, нэхъапэ къыхуагъэфэща «Гуеигъэм папщIэ» медалым къыкIэлъыкIуащ ЩIыхь орденым и ещанэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «Москва зэрахъумам папщIэ», «Варшавэ хуит къызэращIыжам папщIэ», «Берлин къызэращтам папщIэ», «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр. ИужькIэ, ТекIуэныгъэм и илъэс 40-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ къыхуагъэфэщэжащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр — нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм ебэнынымкIэ лIыгъэу, гуеигъэу къигъэлъэгъуам папщIэ.

Ауэ ЩыхьымбийкIэ игъащIэ гуимыкIыжу къыхуэнар зауэм и илъэс гугъухэм къыхиха зэныбжьэгъугъэращ.

Хьэбэздэсхэм фIыуэ ящIэж Щыхьымбий и унагъуэр зауэлI зэхуэмыдэхэм я кIуапIэу зэрыщытар. Езыри илъэс щIагъуэ дэмыкIыу Доватор и шуудзэм хэтахэм, къыдэзэуа къэзакъхэм я зэхуэсым хэт зэпытащ. Дунейм ехыжыхункIэ зэкIэлъыкIуэу, зэхуэтхэу щытащ зауэлI мэхъаджэхэр.

ГъэщIэгъуэнщ уеджэну зэгъусэу зытрырагъэха сурэтхэм тетхахэм: «Си ныбжьэгъуфIу, зауэлI хахуэу сыт щыгъуи къэнэж МыкIытIэ Щыхьымбий тыгъэ хузощI. Шуудзэ полкым и командира Головин Владимир Николаевич, 1970 гъэ, Каменск къалэ».

«ЩIыхь зыхуэтщI ди ныбжьэгъуфI Щыхьымбий! Дэ, Кубань-къущхьэ шуудзэм хэтахэр, зауэм зэкъуэш, зэныбжьэгъуфI дищIащ. Хуабжьу дробжьыфIэ а зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыныгъэр ди щхьэгъусэхэми, бынхэми къызэрыддащтам. Апхуэдэу щыщыткIэ, дунейм дехыжа нэужьи адэкIэ пыща хъунущ ар. Эскадроным и командир Кученко Михаил, 1975 гъэ».

Щыхьымбий и къуэ нэхъыжь Уэлий, ипхъу Заремэ сымэ зэрыжаIэжымкIэ, иужькIи дзэм къыхэнэу я къулыкъукIэ дэкIуея подполковник

***Хьэбэз къуажэм щызэхэта, КировкIэ зэджэ колхозым жыджэру хэлэжьыхьахэм ящыщ зыщ МыкIытIэ Щыхьымбий. Ар сыт хуэдэ Iуэхуми тегъэпсыхьат, псом хуэмыдэу шыр фIыуэ илъагъут. Арауэ къыщIэкIынщ 1940 гъэм и къулыкъу щIэгъуэр къыщысым, 30-нэ шуудзэ полкым щIыхатхар, и къулыкъури адэкIэ щIиублар.***

## Я зэныбжьэгъугъэр быдащ



Гладков Владимир Николаевичрэ Совет Союзым и ЛIыхъужь, Ищхъэрэ Кавказ Военнэ округым и Политуправленэм и унафэщIым и къуэдзэ генерал-майор Данилов Василий Александровичрэ МыкIытIэхэ куэдрэ къахуэкIуащ. Езыри я хьэщIэ зэпытащ.

Япэ дыдэ къащыхуэкIуам зэгъусэу сурэт зытрырагъэхыну Щыхьымбий и нагъыщэхэр зыхэлъ кителыр щыщрагъэтIэгъам, тIури зыжьэу зэдэупщIат: «Дэнэ щыIэ, Щыхьымбий, уи ещанэ ЩIыхь орденыр?»

— 1945 гъэм мазаем (февралым) и 1-м уIэгъэ хьэлъэ ущыхъуам, лIыгъэу зепхьам папщIэ ещанэ ЩIыхь орденыр къыуедгъэтат, — жаIащ. — Iэмал имыIэу щIэупщIэ, къэгъуэтыж ар, уэ ЩIыхь орденищми уракавалерщ.

Езы Щыхьымбий абы и хъыбар зэхихат, ауэ щIэупщIэжатэкъым. И ныбжьэгъухэм, и командиру щытахэм я чэнджэщкIэ СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм и Центральнэ архивым 1987 гъэм зыхуигъэзати, къыхуатхыжар мыращ: «17-нэ гвардием и шуудзэ дивизием и 35-нэ шуудзэ полкым и гвардием и сержант МыкIытIэ Щыхьымбий Илас и къуэр 1945 гъэм мазаем (февралым) и 1-м уIэгъэ зэрыхъуар пэжщ, тхылъхэми итщ, ауэ ЩIыхь орденым и езанэ нагъыщэр къызэрыратар щIыгъукъым. Абы фыщыщIэупщIэ Ленинград къалэм щыIэ СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и военно-медицинэ музейм».

Абы иужькIэ Щыхьымбий зыщIыпIи итхыжакъым, щIэупщIэжакъым, и командирхэм ЩIыхь орденищыр иIэн зэрыхуеяр щIагъэбыдыхьыжу жаIами.

ХьэкъыпIэкIэ, и командирхэм зэрыжаIэжамкIэ, МыкIытIэ Щыхьымбий зэрызэуамкIэ, лIыгъэу зэрихьамкIэ, зыбжанэрэ уIэгъэ хъууэ лъыуэ ирикIутамкIэ Совет Союзым и ЛIыхъужьыцIэр къихьат, арагъэнт абы ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэри къыщIыхуагъэфэщар.

АтIэ, иджыри кIасэкъым Щыхьымбий и орденым лъыхъуэныр, къэгъуэтыжыныр. ЗауэлI мэхъаджэм хуэфащэр игъуэтыжыпхъэщ.

АдреймкIэ, зауэм къыхэкIыжа нэужьи пищащ и IуэхугъуэфIхэм. Дэнэ щымылэжьами, и цIэр фIыкIэ жаригъэIащ. Псом хуэмыдэу и кIэм нэс ихъумащ зауэлI зэныбжьэгъугъэр, ар ядиIыгъащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIауэ лъы къыдэзыгъэжахэм, и бынхэми уэсяту къахуигъэнащ абы адэкIэ пагъэщэну.

**ДАУР Жэхьфэр, 2005 гъэ.**

# «Урысей уафэгум щос пшэ хужьхэр...»

**Афганистан. Хэти и гум тхьэгъушу къыщоуэ а псалъэр. Зауэм, абы хэкIуэда ди хэкуэгъухэм, лъэпкъэгъухэм яхуэдгъэш гъыбзэм и джэрпэджэжщ ар. Совет Союзым икIауэ афган зауэм хэтам щыщу мин 15-м къагъэзэжакъым, Къэрэшей-Черкесым хэщIащ и къуэ 42-рэ.**

Гуапэ зэрыхъущи, нобэ къытхэтщ афган зауэр зыпэщIэкIахэр, абыхэм щIэблэм нахьэс блэкIа тхыдэ къэхъукъащIэр. Апхуэдэщ афган зауэм и ветеран Джанбидаев Щэмил. Мазаем и 13-м республикэм и тхыдэщэнхабзэ, щIыуэпс музейкъуэдмэзым щекIуэкIа зэIущIэм кърагъэблэгъащ ветераныр. Ар яIущIащ къалэм дэт, зи № 9 гимназием и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и чэнджэщэгъу Борхозов Мыхьэмэт я пашэу къекIуэлIа 10-нэ «А» классым хэсхэм. ЗэIущIапIэу къыхахари екIуэкIыну псалъэмакъым теухуат: «Зауэм илыпщIа илъэсхэр» музей пэшым Афганистаным теухуа и плIанэпэрат.

Джанбидаев Щэмил Афганистаным щызэуащ, хьэуа десантыдзэхэм хэтащ, а зауэм и ветеранщ. И зауэлI, гуащIэдэкI, жылагъуэ IуэхущIафэхэм я щIыхькIэ илъэс зэхуэмыдэхэм орденми, медалми 49-рэ къыхуагъэфэщащ. Къэрэшей-Черкесым ЩIыхь зиIэ и артистщ, Ипщэ Осетием и цIыхубэ артистщ. Джанбидаевым и жэрдэмышхуи, и мылъкуи хэлъщ Черкесск къалэм дэт, ТекIуэныгъэм и паркым ит, Афганистаным къэзымыгъэзэжахэм я фэеплъым.

Апхуэдиз зи нэгум щIэкIа зауэлIым, шэч хэлъкъым, а махуэм щIэблэщIэм яжриIэн и мащIэтэкъым. Гуапэ зэрыхъущи, езыхэри хуабжьу набдзэгубдзаплъэу пыкъуэкIащ зэIущIэм.

— Фэ фызэрыт ныбжьым ситт, 1984 гъэм Карачаевск къалэм дэт курыт еджапIэм сыщеджэм. Махуэ гуэрым къытхуеблэгъат зауэлI фащэхэр зыщыгъ цIыхухъуищ. Актовэ пэшышхуэм щызэхуэса щIалэжь цIыкIухэм къыдгурыIуэшхуэ щыIэтэкъым ахэр зыхуэдэми, щызэуа Афганистанми яхьэлIауэ... ФIы дыдэу соцIыхуж къытхуэкIуахэм я унагъуэцIэхэр: Остапенко, Батчаев, Хасанов. 1979-1981 гъэхэм Афганистаным япэ дыдэ къулыкъу щызыщIахэм ящыщт ахэр. Абыхэм я хахуагъым и зы щапхъэ закъуэ къэсхьынщ: зэгуэр Хасанов Рэшид и джанэкIэр иIэту и бгъэгур щыслъэгъуам сыкъэуIэбжьат, ирехыу уIэгъэт ар, къыхахыжа автоматышэхэм я лъэужьу, — и гукъэкIыжхэмкIэ и хъыбарыр иришэжьащ ветераным.

Джанбидаев Щэмил апщыгъуэм ауэми и нэгум къыщIыхьэтэкъым езыр афган зауэм и Iыхьэ хъуну. Уеблэмэ и къулыкъу щIэгъуэр къэсу къыкIэлъыкIуэ илъэсым щыдашми, адрей совет лъэпкъхэм яхуэдэу, къыгурыIуэтэкъым здашэри, Афганистаным къыщыхъури. АтIэ, апщыгъуэм псори ущэхуат, зауэм тепсэлъыхьыну, хъыбарегъащIэ ящIыну зыри хуиттэкъым, къэрал табу телъти. Арати, къулыкъум дэкIхэр зэрытIысхьа автобусым Щэмил щIыкIейуэрэ къигуоукIащ: «Афганистаным сокIуэ», — жери, и псалъэхэр нахуэ зэрыхъунум зыри химыцIыхукIыу. ИужькIэ, илъэс ныкъуэ текIауэ, и къулыкъущIэгъу хъуащ и классэгъуу щыта Ахмедов Эдуард икIи хьэлъэр нэхъ зэдэшэчыгъуафIэ яхуэхъуащ щIалэхэм.



ЗэIущIэм хэтащ нэгъуэщI ветерани —1981-1983 гъэхэм афган зауэм хэта, музейм и лэжьакIуэ, экспозицэхэм я монтажёр Шрамко Юрий.

— Сыт жамыIэми, сыт хуэдэ пщалъэ а зауэм иужькIэ хуамыщIыжами, дэ абы ауэ сытми дыхэтакъым. МамырщIэкъу дзэхэм я къалэныр дгъэзэщIащ, къинэмыщIауэ, ухуэныгъэ, зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэри щедгъэкIуэкIащ. Нобэр къыздэсым афган цIыхубэм пщIэ къытхуещI, — жиIащ Шрамко.

Джанбидаев Щэмил афган зауэм хэкIуэда ди хэкуэгъухэм, лъэпкъэгъухэм я фэеплъ республикэм и къалащхьэм зэрыдэмытым икъукIэ игъэпIейтейт. Къоджэм уигъэжейкъым жыхуиIэу, Iуэхур иришажьэри, и кIэми нигъэсащ. Гъэ къэси, республикэм и къалащхьэм щыIэ ТекIуэныгъэм и паркым ит фэеплъ сыным и пащхьэм щызэхуос цIыхубэр.

Зауэм и нэщIэбжьэр нэгум щIэкIами, ар зауэлIым псэхугъуэ къезымыт и жэщтеуэу, и жэщ пщIыхь хьэлъэу къыхуинат. Ветераныр щIэхъуэпст зэгуэр здэзэуа щIыпIэхэм игъэзэжу, и гум псэхугъуэ игъуэтыжыну. АрщхьэкIэ, зэрытщIэщи, Афганистаныр сыт щыгъуи зауэ щытыкIэм ит къэралхэм ящыщу щыткIэрэ, апхуэдэ хуитыныгъэр зратыр закъуэтIакъуэ дыдэщ. Абыхэм ящыщ хъуну и насып къихьащ Джанбидаевым, республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуу зэрылэжьари сэбэп къыхуэхъури. Илъэси 7-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Щэмил и хъуэпсапIэр къехъулIащ.

И пщIыхьыр мамыр хъужами, зауэлIым и гум къыщоуэ Афганыр, и уэрэдхэм я нэхъыбэри аращ зытеухуар. Абыхэм къызэхуэсахэр щIигъэдэIуащ. «Урысей уафэгум щос пшэ хужьхэр. Ахэр — хэкIуэда ди щIалэхэм я пэбжщ»... — уэрэдым хэт сатырхэм зэщIиубыдауэ едэIуахэщ. Иужьым хэкIуэда зауэлIхэм я щIыхькIэ дакъикъэкIэ щыму щытащ.

Афган зауэм и ЛIыхъужьхэм, хэкIуэдахэм, ветеранхэм зэрахьа мамырщIэкъу Iуэхум, ягъэзэщIа интернационал къалэным и мыхьэнэр зэрымыкIуэдар, пщIэ зэриIэр наIуэщ икIи гуапэщ а махуэм зэIущIэм хэта ныбжьыщIэхэм хуэдэхэр щыщыIэкIэ, зэIэпах тхыдэм и лъэужьыр щымыкIуэдкIэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**



Сурэтыр Куэбл Артур ейщ

*Зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым.*

*Зауэм и кIэр хьэдагъэщ.*

*ЗауэфIрэ дауэфIрэ щыIэкъым*

*Дзэм иуфэкъа лъахэрэ*
*мацIэр зыпхыкIа хадэрэ.*

*Дзэм хамэ хэткъым.*

*Хэкужьыхьэ лъэщщ.*

*Шэм зэхэгъэж ищIкъым.*

*Хамэ хэку сыщытхъэ нэхъ*
*си хэкужь сыщылIэ.*

*Губгъуэм ущымыкъэрабгъэ,*
*унэм ущымылIыхъужь*

*ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдкъым.*

*Джэгугъуэм лIыхъужьщ,*
*зэуэгъуэм жьындущ.*

«Черкес хэку»-м и илъэси 100-м хуэкIуэу

**Пщымахуэ Мурат сэ сыздыхуэзар хьэфэ пкъыгъуэхэр здащI РТИ заводым и общежитэм къыщрата пэшращ. И къулыкъур, Афганистаным щрихьэкIа лъэхъэнэм къыхуигъэна гукъэкIыжхэр къысхуиIуэтэжыну солъэIу. Гупсысэу зы тэлайкIэ зиIэжьа нэужь, къызит жэуапыр гъэтIысащ, куэд щIауэ и гущIэм щигъэтIыгъуэ гупсысэхэмкIэ гъэнщIащ.**

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,**
**«Ленин нур» газет, 1989 гъэ, накъыгъэм (майм) и 9-м**

## Черкес хэку 100 Адэхэм я лIыгъэр къуэхэм я дамэщ

— Нэхъыбэрэ си нэгум къыщIыхьэжыр фочышэхэм я фий макъракъым, зауэ лыгъэракъым, атIэ Афганистаным и сабийхэращ. Ахэр сыт щыгъуи си пащхьэм щыджэрэзт, сигу ихужккъым я нэ фIыцIэ цIыкIухэр. Уегупсысмэ, а щIэжьейхэр тхьэмыщкIэ дыдэщ. Уэзгъэлъэгъуащэрэт ахэр ди дэтхэнэ тхыгъэ цIыкIуми зэрыщыгуфIыкIыр! Ди щIалэхэм я гъуэмылэ Iыхьэр сыт щыгъуи дагуэшт мэжалIэхэм.

Пщымахуэ Мурат 1961 гъэм Абазэ-Хьэблэ къуажэм къыщалъхуащ, лэжьэн япэу щыщIидзащ «Рассвет» колхозым. Пщымахуэхэ я унагъуэм къихъухьа сабиибгъум Мурат я нэхъыжьт. И анэ Раисэ зэрыжиIэмкIэ, Мурат и адэ-анэм сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъуфI яхуэхъут. Лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъумкIэ, Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ егугъуныгъэмкIэ нэхъыщIэхэр зыдригъэплъэифт. КIэщIу жыпIэмэ, Мурат зэгуэрми и адэ-анэр зы IуэхукIи гуныкъуэгъуэ хигъэтакъым. Ахэр жэщмыжей щыхэхуар нэхъ иужьыIуэкIэщ.

Мурат и сэлэт къулыкъур Чехословакием къыщыщIидзащ. Ауэ 1980 гъэм мазаем (февралым) щIалэр зыхэт мотострелковэ дзэ пакIэр Афганистаным яшащ. Нэхъапэ щIыкIэ ахэр щитIысыкIащ Къундуз къалэм и Iэгъуэблагъэхэм.

Мурат игу къегъэкIыж Афганистаным щигъэкIуа лъэхъэнэ гугъур.

— ... 1980 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 23 махуэм ди сэлэтхэр зытет Iуащхьэм къеплъыхри, къалъэгъуащ афган къуажэ мыиныр. Мыинми, абы дзыхь хуэпщI хъуну щыттэкъым, сыту жыпIэмэ, мыбдеж щыIэ Башмет шахым зэрыпхъуакIуэ гуп ин дыдэ иIэт. КIэлъыплъыныгъэм къигъэлъэгъуаи щыIэкъым. ЗыщIыпIэкIи псэ зыIут щыхъейтэкъым. Ауэ «Тойота» япон машинэ щхъуантIэр бжэIупэ гуэрым къыIужри, IуплъапIэхэм защидзейуэрэ, къуажэм къыдэкIыу хуежьащ. Зэманыр шэджагъуапIэм иуват, уэшх мащIи къызыпхидзт. Дыкъехыу Iуэхур зыIутыр зэдгъэцIыхуну мурад дощI. БТР-р Iуащхьэ лъабжьэмкIэ къежьащ. Зыр Iуащхьэм къытеднащ, зыгуэр хъужыкъуэмэ бийхэм къахэуэу къыддэIэпыкъун хуэдэу. Япэ иту сакъыурэ кIуэт Ленинакан щыщ Багратян Тигран и машинэр. Къуажэм дыхэмыхьэ щIыкIэ къэтлъэгъуа щIытIхэм дыкъагъэIэнкунащ. Душманхэм апхуэдэхэр къатI хабзэкъым, дыдымейуэ пIэрэ? Ауэ ди чэнджэщхэм кIэ яритащ машинэ пащхьэм къыщыуа лагъымым. Шэч хэлъкъым бийр къуэгъэнапIэм къызэрыщыдэщэкIуам. УкъикIуэтыжи хъунукъым. Зыкъызэпыдгъэза къудейуэ, ди щхьэщыгумкIэ зыгуэр къыщыуащ. Дыщыдэплъейм тлъэгъуар Iугъуэ фIыцIэм исея уафэращ. Зэ папщIэ къэхъуар къыдгурыIуакъым, ещанэ лагъымым бронетранспортерым и щхьэр щхьэщиудат. Апхуэдэу зэрыщытуи дыкъэувыIэнутэкъым, еплIанэ лагъымыр ди лъабжьэм къыщымыуамэ. Шэтемыгъахуэм гранатэ къутахуэхэр зэтриIыгъащ, ауэ мафIэ гуащIэр пэрыуэгъуншэу машинэ кIуэцIым къыщылыбащ. Щхьэцхэр илыпщIащ, щIыфэр илыгъуащ. ИужькIэ цIыхухэм куэдрэ ягъэщIэгъуащ джанэ сахуэр щIыфэм зэрыкIэрыпщIар, апхуэдиз мафIэм цIыхухэр узыншэу къазэрыхэкIыжар...

Апхуэдэ Iуэху куэдым япэщIэхуащ Пщымахуэ Мурат, дэтхэнэри къыпхуэIуэтэжынукъым. Мурат и гупым Iэрыубыд ищIащ душман куэд, Iэщэ-фащэхэр абыхэм къаIэщIигъэкIащ. НэгъуэщI къэралхэм къыщыщIагъэкIа Iэщэ лIэужьыгъуэу абыхэм ямыIыгъ щыIэу къыщIэкIынтэкъым, Тхьэм ирещIи.

Илъэсрэ ныкъуэрэкIэ Афганистаным щыIати, душманхэм я хьэкIэкхъуэкIагъэ мащIи и нэкIэ илъэгъуакъым. А илъэсхэм Мурат и лIыгъэр япсыхьащ, и цIыхугъэр ягъэунэхуащ. КъыпхуэмыщIэжыну нэгъуэщI цIыху хъуауэ къигъэзэжащ къыздалъхуа щIыналъэм.

Къулыкъум къикIыжа нэужь, Мурат и адэм щIыгъуу илъэсиплIкIэ щылэжьащ «Рассвет» колхозым. ИужькIэ шоферу гугъу зригъэхьащ. Куэд мыщIэу илъэсищ ирикъунущ ар РТИ заводым и ебланэ цехым зэрыщыIэрэ. Абы къыщIигъэкIыр цIыхухэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэращ. Езым унэ лъэгум иралъхьэ линолеум ещI. Зы лэжьэгъуэ сменэм къалэнкIэ метр зэбгъузэнатIи 147-рэ къыщIигъэкIыну и пщэ илъмэ, езым а бжыгъэр метр зэбгъузэнатIэ 250-270-м щIрегъэгъу. ЩIалэм и лэжьыгъэм хуабжьу ириарэзыщ ебланэ цехым и унафэщI Хъуэж Мухьэмэдрэ цIыхухэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр къыщIэзыгъэкI участкэм и мастер Москаленко Владимиррэ.

Мурат зыщидзейкъым здэлажьэ предприятэм и жылагъуэ гъащIэми, и унагъуэм щисын зэмани къыхудохуэ. И щхьэгъусэ Раерэ езымрэ япI сабиитI — щIалэ цIыкIурэ хъыджэбз цIыкIурэ.

— Дэ дыхуейщ Афганистан жыхьэм щыдгъэва гукъеуэхэмрэ къыщызэзэднэкIа гугъуехьхэмрэ нэхъри япсыхьа, быдэ ящIа цIыхугъэр, къытхалъхьа гъащIэ зэхэщIыкIыр, ди гущIэм хэщIыныгъэ имыIэу щытхъума лъагъуныгъэр ди деж къыщыдгъэсэбэпыну, зауэлI-интернационалистхэм я лъэкIыныгъэхэр ди къэралым зыщызыубгъу зэхъуэкIыныгъэхэм къахуэдгъэщхьэпэну, — еух Мурат ди зэпсэлъэныгъэр.

## ТЕЛЕПРОГРАММЭ

мазаем (февралым)— гъатхэпэм (мартым) и **26-3**

### ПОНЕДЕЛЬНИК 26

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (ног.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (ног.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Патриоты России». 35-летие со дня вывода войск из Афганистана. (ног.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (ног.) (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Школа ЖКХ» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «События недели» (12+)
09:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Дом моих родителей» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Капитальная стройка» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Здоровье» (12+)
11:35 «Пульс республики» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Дежурная часть» (12+)
12:45 «Лига эрудитов» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Здесь и сейчас» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири» 16 серия (16+)
15:30 «Проектная мастерская» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Экономика» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» (12+)
18:00 «Чат вдвоем» (12+)
19:00 «Ислам моя религия» (12+)
19:25 «События дня» (12+)
20:15 «Соседи» (12+)
20:25 «С чего начинается Родина» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сильные духом» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Архызский лик» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 1;2 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ВТОРНИК 27

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8:07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8:35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9:00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (черк.) (6+)**
**9:35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (черк.) (0+)**
**14:30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!».**
**В студии участники афганской войны И. Афаунов и А. Макушев. (черк.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Актуальное интервью». Беседа с начальником отдела избирательной комиссии КЧР Е. Джантимировой. (0+)**
**21:05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Соседи» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Кавказская десятка» (16+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Новостёнок» (6+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сельский кластер» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Проектная мастерская» (12+)
11:35 «Стихия» (6+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Женский портрет» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Лига эрудитов» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири» 17 серия (16+)
15:30 «Мой аул» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Мой аул» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Прямой эфир» (12+)
19:00 «Архызский лик» (12+)
19:20 «Разговорник» (6+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «О земном и небесном» (12+)
20:30 «Школа ЖКХ» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Здоровье» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Прямая речь» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 3;4 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### СРЕДА 28

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (карач.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (карач.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**14.55-Москва**
**16:30-Местное время. «Древо родовое». (карач.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Песня в подарок». (карач.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

08:35 «Ваше право» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Спорт тайм» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Культурный экспресс» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Мой аул» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Пусть меня научат» (12+)
11:30 «Экономика» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Наша кухня» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Дом моих родителей» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/Ф «Принц Сибири» 8 серия (16+)
15:30 «Здоровье» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Республика традиций» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоём» прямой эфир (+16)
19:00 «Проектная мастерская» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Прямая речь» (12+)
20:25 «Парламентский Вестник» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (12+)
21:00 «Сельский кластер» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Нур» (12+)
22:35 Х/Ф «Полицейский участок» 15 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ЧЕТВЕРГ 29

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (абаз.) (6+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». (абаз.) (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Добрый вечер, республика!». (абаз.) (0+)**
**17:00-Местное время. «Песни Абазашты». (абаз.) (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «Пульс Республики» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Острый вопрос» (12+)
09:45 «Разговорник» (6+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Здесь и сейчас» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Поставь мне лайк» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Мой аул» (12+)
11:35 «Прямая речь» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Город» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Принц Сибири» 19 серия (16+)
15:30 «Сельский кластер» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «С чего начинается Родина» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 «Чат вдвоем» прямой эфир (16+)
19:00 «Капитальная стройка» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Нур» (12+)
20:30 «Ваше право» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Лига эрудитов» (12+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пульс Республики» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» 7;8 серия (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### ПЯТНИЦА 1

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.07-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.35-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**9.00-Местное время. «Вести. Северный Кавказ». Информационный выпуск. (6+)**
**9.15-Местное время. «Специальный репортаж».**
**35 лет со дня вывода советских войск из Афганистана. (0+)**
**9.35-Местное время. «Утро России. Ка-рачаево-Черкесия».**
**Семья Пономаревых ст. Зеленчукская. (0+)**
**14.30-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**16:30-Местное время. «Герои нашего времени». Праздничная программа, посвященная Дню защитников Отечества. (0+)**
**21.05-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Доброе утро!» (12+)
08:30 «Утреннее вещание» (12+)
08:35 «С чего начинается Родина» (12+)
08:50 «Утреннее вещание» (12+)
08:55 «Наша Кухня» (12+)
09:40 «Красота в деталях» (12+)
09:55 «Утреннее вещание» (12+)
10:00 «Лига эрудитов» (12+)
10:30 «Утреннее вещание» (12+)
10:35 «Сильные духом» (12+)
11:05 «Утреннее вещание» (12+)
11:10 «Республика традиций» (12+)
11:30 «Ислам моя религия» (12+)
11:50 «Утреннее вещание» (12+)
12:00 «События дня» (12+)
12:35 «Школа ЖКХ» (12+)
12:45 «Дом моих родителей» (12+)
13:20 «Разговорник» (6+)
13:25 «Новостенок» (6+)
14:00 «События дня» (12+)
14:35 Х/ф «Принц Сибири» 20 серия (16+)
15:30 Д/ф «Кавказ сегодня» (12+)
16:00 «События дня» (12+)
16:35 «Красота в деталях» (12+)
17:00 «КЧР онлайн» прямой эфир (12+)
18:00 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+)
18:40 «Дежурная часть 09» (12+)
18:55 «Здесь и сейчас» (12+)
19:30 «События дня» (12+)
20:15 «Пульс республики» (12+)
20:30 «Соседи» (12+)
20:40 «Пряничный домик» (0+)
21:00 «Ремесла» (12+)
21:20 «Разговорник» (6+)
21:30 «События дня» (12+)
22:15 «Пусть меня научат» (12+)
22:35 Х/Ф «Детективы» (16+)
23:30 «События дня» (12+)

### СУББОТА 2

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия». Информационный выпуск. (6+)**
**8.20-Местное время. «Утро России. Карачаево-Черкесия». «На пути к вере». Сретение. (0+)**

**АРХЫЗ 24**

06:30 «Нур» (12+)
06:45 «Разговорник» (6+)
06:50 «Лекции МГУ» программа (16+)
07:45 «Женский портрет» (12+)
08:30 «Прямой эфир» (12+)
09:30 «Наша кухня» (12+)
10:15 «Разговорник» (6+)
10:20 «Пульс республики» (12+)
10:35 «Кавказ сегодня» (12+)
11:00 Хит-парад «Кавказская десятка» (16+)
11:50 «Неотрывной календарь» (12+)
12:00 «Дом моих родителей» (12+)
12:35 «Архызский лик» (12+)
13:00 «Сильные духом» (12+)
13:25 «Культурный экспресс» (12+)
14:00 Х/ф «тайна четырех принцесс» (6+)
15:30 Мультфильм «Смешарики» (0+)
16:00 «Здесь и сейчас» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Спорт-тайм» (12+)
17:50 «Неотрывной календарь» (12+)
18:00 Д/П «Священная птица Стравинского» (12+)
19:00 «Поставь мне лайк» (12+)
19:30 «События недели» (12+)
20:30 «Республика традиций» (12+)
20:50 «Неотрывной календарь» (12+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Пробуждение» (16+)
23:40 «Музыка» (16+)

### ВОСКРЕСЕНЬЕ 3

**РОССИЯ 1+КЧГТРК**

**8.00-Местное время. «Вести Карачаево-Черкесия. События недели». Итоговая информационная программа. (6+)**

**АРХЫЗ 24**

**06:30 «О земном и небесном» (12+)**
**06:45 «Разговорник» (6+)**
**06:50 «Лекции МГУ» (16+)**
**07:45 Д/Ф «Жизнь достойная человека» (12+) субтитры**
**08:30 «События недели» (12+)**
**09:30 «Наша кухня» (12+)**
**10:15 «Женский портрет» (12+)**
**11:00 «Новостенок» (6+)**
**11:30 «Здоровье» (12+)**
**12:00 «Капитальная стройка» (12+)**
**12:25 «Разговорник» (6+)**
**12:35 «Ремесла» (12+)**
**13:00 «Мой аул» (12+)**
**13:30 «Здесь и сейчас» (12+)**
**14:00 Х/Ф «**Сато» (12+)
15:40 «Спорт тайм» (12+)
16:35 «Стихия» (6+)
16:50 «Разговорник» (6+)
17:00 «Лига эрудитов» (12+)
17:30 «Поставь мне лайк» (12+)
18:00 «Сильные духом» (12+)
18:25 «Культурный экспресс» (12+)
19:00 «Экономика» (12+)
19:15 «Красота в деталях» (12+)
19:30 «Острый вопрос» (12+)
20:30 «Пусть меня научат» (12+)
20:50 «Разговорник» (6+)
21:00 «Город» (12+)
21:40 Х/Ф «Успеть до полуночи» (16+) субтитры
23:45 «Музыка» (16+)

Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр мазаем (февралым) и 29-ращ

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ДЗЭМЫХЬ Маринэ
Редколлегием хэтхэр:
Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2838-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор БОРАНЫКЪУЭ Мадинэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ